ÓZBEKSTAN
RESPUBLIKASÍNÍŃ

# KONSTITUCIYASÍ



# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ KONSTITUCIYASÍ

*Usı jańa redakciyadaǵı Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası 2023-jıl 30-aprel kúni ótkerilgen Ózbekstan Respublikası referendumında ulıwmaxalıqlıq dawıs beriw arqalı qabıl etilgen*

SamDTU
axborot-resurs markazi

«O'ZBEKISTON»
TASHKENT – 2023

UO'K: 342.4(575.1)
KBK: 67.400.1(5O')
O' 70

**Jańa redakciyadaǵı Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasınıń rásmiy tekstin basıp shıǵarıw boyınsha isshi topar**

**QURAMÍ**

**Narbaeva**
Tanzila Kamalovna ________ qolı

**Umarov**
Narimon Madjitovich ________ qolı

**Shirinov**
Djahangir Djabbarovich ________ qolı

**Abdusalomov**
Mirzo-Ulugbek Elchievich ________ qolı

**Xodjaev**
Asadjon Azatbekovich ________ qolı

**Ikramov**
Muzraf Mubarakxodjaevich ________ qolı

**Fazilov**
Ǵayrat Ǵanievich ________ qolı

**Saparbaev**
Rustam Tursinbaevich ________ qolı

**Nurmatov**
Nizamitdin Nuritdinovich ________ qolı

O' 70 Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası [Tekst]. Rásmiy basılım – Tashkent : «O'zbekiston» baspası, 2023, 80 bet.
ISBN 978-9943-9506-5-8

**UO'K: 342.4(575.1)**
**KBK: 67.400.1(5O')**

ISBN 978-9943-9506-5-8

**© «O'zbekiston» baspası, 2023**
**© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2023**

## ALǴÍ SÓZ

Biz, Ózbekstannıń birden-bir xalqı,

insan huqıq hám erkinliklerine, milliy hám ulıwma-insanıylıq qádiriyatlarǵa, mámleketlik suverenitet principlerine sadıqlıǵımızdı saltanatlı túrde járiyalap,

demokratiya, erkinlik, teńlik, sociallıq ádillik hám tilekleslik ideyalarına sadıqlıǵımızdı kórsetip,

insan, onıń ómiri, erkinligi, ar-namısı hám qádiri joqarı qádiriyat esaplanatuǵının, insanıylıq demokratiyalıq mámleketti, ashıq hám ádil jámiyetti qurıw barısında házirgi hám keleshek áwladlar aldındaǵı joqarı juwapkershiligimizdi seze otırıp,

mámleketshiligimiz rawajlanıwınıń úsh mıń jıldan artıq tariyxıy tájiriybesine, sonday-aq, jáhán civilizaciyasına biybaha úles qosqan ullı babalarımızdıń ilimiy, mádeniy hám ruwxıy miyrasına súyenip,

mámleketimizdiń biybaha tábiyǵıy baylıqların kóbeytiwge, házirgi hám keleshek áwladlar ushın qásterlep saqlawǵa, qorshaǵan ortalıqtıń tazalıǵın saqlawǵa shıntlap bel baylap,

xalıqaralıq huqıqtıń ǵalabalıq tán alınǵan princip hám normalarına tiykarlanǵan halda,

Ózbekstannıń jáhán jámiyetshiligi, eń dáslep, qońsılas mámleketler menen doslıq qatnasıqların sheriklik, óz ara qollap-quwatlaw, tınıshlıq hám tatıwlıq tiykarında bekkemlew hám de rawajlandırıwǵa umtılıp,

puqaralardıń ılayıqlı turmıs keshiriwin, milletlerаralıq hám konfessiyalararalıq tatıwlıqtı, kóp milletli janajan Ózbekstanımızdıń párawanlıǵın hám gúllep-jasnawın támiyinlewdi maqset etken halda,

usı Konstituciyanı qabıl etemiz hám járiyalaymız.

## BIRINSHI BÓLIM.
## TIYKARǴI PRINCIPLER

### I bap. Mámleketlik suverenitet

**1-statya.**

Ózbekstan – basqarıwdıń respublika formasına iye bolǵan suveren, demokratiyalıq, huqıqıy, sociallıq hám dúnyalıq mámleket.

Mámlekettiń «Ózbekstan Respublikası» hám «Ózbekstan» atamaları teń mánili.

**2-statya.**

Mámleket xalıqtıń erk-ıqrarın bildirip, onıń máplerine xızmet etedi. Mámleketlik uyımlar hám lawazımlı shaxslar jámiyet hám puqaralar aldında juwapker.

**3-statya.**

Ózbekstan Respublikası óziniń milliy-mámleketlik hám hákimshilik-aymaqlıq dúzilisin, mámleketlik hákimiyat uyımlarınıń sistemasın belgileydi, ishki hám sırtqı siyasatın ámelge asıradı.

Ózbekstannıń mámleketlik shegarası hám aymaǵına qol qatılmaydı hám bólinbeydi.

**4-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik tili ózbek tili bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikası óziniń aymaǵında jasawshı millet hám xalıqlardıń tilleri, úrp-ádetleri hám

dástúrleriniń húrmet etiliwin támiyinleydi, olardıń rawajlanıwı ushın sharayat jaratadı.

**5-statya.**

Ózbekstan Respublikası nızam menen tastıyıqlanatuǵın óziniń mámleketlik nıshanları – bayraǵı, gerbi hám gimnine iye.

Mámleketlik nıshanlar mámleket qorǵawında boladı.

**6-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń paytaxtı – Tashkent qalası.

## II bap. Xalıq hákimiyatı

**7-statya.**

Xalıq mámleketlik hákimiyattıń birden-bir dáregi esaplanadı.

Ózbekstan Respublikasında mámleketlik hákimiyat xalıq máplerin gózlep hám Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám de onıń tiykarında qabıl etilgen nızamlar wákillik bergen uyımlar tárepinen ǵana ámelge asırıladı.

Konstituciyada názerde tutılmaǵan tártipte mámleketlik hákimiyat wákilliklerin ózlestiriw, hákimiyat uyımları jumısın toqtatıp qoyıw yamasa saplastırıw, hákimiyattıń jańa hám parallel dúzilislerin dúziw Konstituciyaǵa qarsı bolıp tabıladı hám nızamǵa muwapıq juwapkershilikke tartıwǵa tiykar boladı.

**8-statya.**

Ózbekstan xalqın milletine qaramastan Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları quraydı.

**9-statya.**

Jámiyetlik hám mámleketlik turmıstıń eń áhmiyetli máseleleri xalıqtıń dodalawına usınıladı, ulıwma xalıqlıq dawısqa – referendumǵa qoyıladı.

Ózbekstan Respublikasında referendum ótkeriw tártibi nızam menen belgilenedi.

**10-statya.**

Ózbekstan xalqı atınan tek ǵana ol saylaǵan Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi hám Prezidenti jumıs alıp barıwı múmkin.

Jámiyettiń heshbir bólegi, siyasiy partiya, jámiyetlik birlespe, sociallıq háreket yamasa ayırım shaxs Ózbekstan xalqı atınan jumıs alıp barıwǵa haqılı emes.

**11-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik hákimiyat siteması – hákimiyattıń nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatına bóliniwi principine tiykarlanadı.

**12-statya.**

Ózbekstan Respublikasında jámiyetlik turmıs siyasiy institutlar, ideologiyalar hám pikirlerdiń kóp túrliligi tiykarında rawajlanadı.

Heshbir ideologiya mámleketlik ideologiya sıpatında belgileniwi múmkin emes.

**13-statya.**

Ózbekstan Respublikasında demokratiya ulıwma-insanıylıq principlerine tiykarlanadı, olarǵa muwapıq insan, onıń ómiri, erkinligi, ar-namısı, qádiri hám basqa da ajıralmas huqıqları joqarı qádiriyat bolıp tabıladı.

Demokratiyalıq huqıq hám erkinlikler Konstituciya hám nızamlar menen qorǵaladı.

**14-statya.**

Mámleket óziniń jumısın insan párawanlıǵın hám jámiyettiń turaqlı rawajlanıwın támiyinlew maqsetinde nızamlılıq, sociallıq ádillik hám tilekleslik principleri tiykarında ámelge asıradı.

## III bap. Konstituciya hám nızamnıń ústinligi

**15-statya.**

Ózbekstan Respublikasında Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamlarınıń ústinligi sózsiz tán alınadı.

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası mámlekettiń pútkil aymaǵında joqarı yuridikalıq kúshke iye, tikkeley ámel etedi hám birden-bir huqıqıy túp-tiykarın quraydı.

Ózbekstan Respublikasınıń xalıqaralıq shártnamaları xalıqaralıq huqıqtıń ǵalabalıq tán alınǵan princip hám normaları menen bir qatarda Ózbekstan Respublikası huqıqıy sistemasınıń quramlı bólegi bolıp tabıladı.

Eger Ózbekstan Respublikasınıń xalıqaralıq shártnamasında Ózbekstan Respublikasınıń nızamında názerde tutılǵanınan basqasha qaǵıydalar belgilengen bolsa, Ózbekstan Respublikasınıń xalıqaralıq shártnaması qaǵıydaları qollanıladı.

Mámleket hám onıń uyımları, basqa shólkemler, lawazımlı shaxslar, puqaralıq jámiyet institutları hám de puqaralar Konstituciya hám nızamlarǵa muwapıq jumıs alıp baradı.

**16-statya.**

Usı Konstituciyanıń heshbir qaǵıydası Ózbekstan Respublikasınıń huqıq hám máplerine, usı Konsti-

tuciyanıń birinshi bóliminde názerde tutılǵan tiykarǵı princip hám normalarına qayshı keletuǵın tárizde túsindiriliwi múmkin emes.

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası tiykarında hám onı orınlaw boyınsha Ózbekstan Respublikası nızamları hám basqa normativlik-huqıqıy aktleri qabıl etiledi. Birde-bir nızam yamasa basqa da normativlik-huqıqıy akt Konstituciyanıń princip hám normalarına qayshı keliwi múmkin emes.

## IV bap. Sırtqı siyasat

**17-statya.**

Ózbekstan Respublikası xalıqaralıq qatnasıqlardıń tolıq huqıqlı subyekti esaplanadı.

Ózbekstannıń sırtqı siyasatı mámleketlerdiń suverenli teńlik, kúsh qollanbaw yamasa kúsh penen qáwip tuwǵızbaw, shegaralardıń buzılmawı, mámleketlerdiń aymaqlıq pútinligi, kelispewshiliklerdi tınısh jol menen sheshiw, basqa mámleketlerdiń ishki islerine aralaspaw principlerine hám de xalıqaralıq huqıqtıń ǵalabalıq tán alınǵan basqa da principleri hám normalarına tiykarlanadı.

**18-statya.**

Ózbekstan Respublikası mámleketler hám xalıqaralıq shólkemler menen eki hám kóp tárepleme qatnasıqlardı hár tárepleme rawajlandırıwǵa qaratılǵan tınıshlıq súyiwshi sırtqı siyasattı ámelge asıradı.

Ózbekstan Respublikası mámlekettiń, xalıqtıń joqarı máplerinen, onıń párawanlıǵı hám qáwipsizliginen kelip shıqqan halda awqamlar dúziwi, doslıq awqamlarına hám basqa mámleketleraralıq dúzilmelerge kiriwi hám de olardan shıǵıwı múmkin.

# EKINSHI BÓLIM.
# INSAN HÁM PUQARANÍŃ TIYKARǴÍ HUQÍQLARÍ, ERKINLIKLERI HÁM MINNETLERI

## V bap. Ulıwma qaǵıydalar

**19-statya.**

Ózbekstan Respublikasında insannıń huqıq hám erkinlikleri xalıqaralıq huqıqtıń ǵalabalıq tán alınǵan normalarına tiykarlanıp hám de usı Konstituciyaǵa muwapıq tán alınadı hám kepillik beriledi. Insan huqıq hám erkinlikleri hár kimge tuwılǵanınan baslap tiyisli boladı.

Ózbekstan Respublikasında barlıq puqaralar birdey huqıq hám erkinliklerge iye bolıp, jınısı, rasası, milleti, tili, dini, isenimi, sociallıq shıǵısı, jámiyettegi ornına qaramastan nızam aldında teń.

Jeńillikler tek ǵana nızamǵa muwapıq belgilenedi hám sociallıq ádillik principlerine sáykes keliwi shárt.

**20-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń puqarası hám mámleket bir-birine óz ara huqıqlar hám minnetler menen baylanıslı bolıp tabıladı.

Insannıń Konstituciya hám nızamlarda bekkemlep qoyılǵan huqıq hám erkinliklerine qol qatılmaydı hám

de olardan sudtıń sheshimisiz ayırıwǵa yamasa olardı sheklep qoyıwǵa heshkimniń haqısı joq.

Insannıń huqıq hám erkinlikleri tikkeley ámel etedi. Insannıń huqıq hám erkinlikleri nızamlardıń, mámleketlik uyımları, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları, olardıń lawazımlı shaxsları jumısınıń mazmun-mánisin belgileydi.

Mámleketlik uyımlar tárepinen insanǵa qollanılatuǵın huqıqıy tásir sharaları sáykeslik principine tiykarlanıwı hám nızamlarda názerde tutılǵan maqsetlerge erisiw ushın jeterli bolıwı kerek.

Insan menen mámleketlik uyımlardıń óz ara qatnasıqlarında júzege keletuǵın nızamshılıqtaǵı barlıq qarama-qarsılıqlar hám anıqsızlıqlar insan paydasına sheshiledi.

**21-statya.**

Hárbir insan óz shaxsın erkin kamalǵa keltiriw huqıqına iye. Heshkimge onıń razılıǵısız nızamshılıqta belgilenbegen minnetleme júkletiliwi múmkin emes.

Insan óziniń huqıq hám erkinliklerin ámelge asırıwda basqa shaxslardıń, jámiyet hám de mámlekettiń huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerine zıyan tiygizbewi shárt.

Insannıń huqıq hám erkinlikleri tek ǵana nızamǵa muwapıq hám tek ǵana konstituciyalıq dúzimdi, xalıqtıń densawlıǵın, sociallıq ádep-ikramlılıqtı, basqa shaxslardıń huqıq hám erkinliklerin qorǵaw, jámiyetlik qáwipsizlikti hám jámiyetlik tártipti támiyinlew maqsetinde zárúr bolǵan sheńberde shekleniwi múmkin.

## VI bap. Puqaralıq

**22-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń pútkil aymaǵında birden-bir puqaralıq ornatıladı.

Ózbekstan Respublikasınıń puqaralıǵı, oǵan qanday tiykarlarda iye bolǵanlıǵına qaramastan hámme ushın teń.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń puqarası bir waqıttıń ózinde Ózbekstan Respublikasınıń puqarası bolıp esaplanadı.

Puqaralıqqa erisiw hám onnan ayırılıp qalıw tiykarları hám de tártibi nızam menen belgilenedi.

**23-statya.**

Ózbekstan Respublikası óziniń aymaǵında da, onıń sırtında da óziniń puqaraların qorǵaw hám olarǵa ǵamxorlıq kórsetiwge kepillik beredi.

Ózbekstan Respublikası puqarası Ózbekstannan sırtqa májbúriy shıǵarıp jiberiliwi yamasa basqa mámleketke berip jiberiliwi múmkin emes.

Mámleket sırt elde jasap atırǵan watanlaslar menen baylanıslardı saqlap qalıw hám rawajlandırıw haqqında xalıqaralıq huqıq normalarına muwapıq ǵamxorlıq etedi.

**24-statya.**

Ózbekstan Respublikası aymaǵındaǵı sırt el puqaralarınıń hám puqaralıǵı bolmaǵan shaxslardıń huqıq hám erkinlikleri xalıqaralıq huqıq normalarına muwapıq támiyinlenedi. Olar Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, nızamları hám xalıqaralıq shártnamaları menen belgilengen minnetlerdi orınlaydı.

## VII bap. Jeke huqıq hám erkinlikler

**25-statya.**

Jasaw huqıqı hárbir insannıń ajıralmas huqıqı bolıp tabıladı hám ol nızam menen qorǵaladı. Insannıń ómirine qol qatıw eń awır jınayat bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikasında ólim jazası qadaǵan etiledi.

**26-statya.**

Insannıń ar-namısı hám qádirine qol qatılmaydı. Hesh nárse olardı kemsitiw ushın tiykar bolıwı múmkin emes.

Heshkim qıynawlarǵa salınıwı, kúsh jumsawǵa, basqa ayawsız, insanǵa jat yamasa insannıń qádirin kemsitiwshi háreketke yamasa jazaǵa duwshar etiliwi múmkin emes.

Heshkimde onıń razılıǵısız medicinalıq hám ilimiy tájiriybeler ótkeriliwi múmkin emes.

**27-statya.**

Hárkim erkinlik hám jeke qol qatılmaslıq huqıqına iye.

Heshkim nızamǵa tiykarlanbaǵan halda irkiwge alınıwı, uslap turılıwı, qamaqqa alınıwı, qamaqta saqlanıwı yamasa onıń erkinligi basqasha túrde shekleniwi múmkin emes.

Irkiwge alıwǵa, qamaqqa alıwǵa hám qamaqta saqlawǵa tek ǵana sudtıń sheshimine muwapıq jol qoyıladı. Shaxs sudtıń sheshimisiz qırıq segiz saattan artıq uslap turılıwı múmkin emes.

Shaxstı uslaw waqtında oǵan túsinikli tilde onıń huqıqları hám uslap turılıwı tiykarları túsindiriliwi shárt.

**28-statya.**

Jınayat islegenlikte ayıplanıp atırǵan shaxs onıń ayıbı nızamda názerde tutılǵan tártipte ashıq sud dodalawı jolı menen dálillenbegenshe hám sudtıń nızamlı kúshke kirgen húkimi menen anıqlanbaǵansha ayıpsız dep esaplanadı. Ayıplanıwshı ózin qorǵaw ushın barlıq sharayatlar menen támiyinlenedi.

Ayıplılıqqa baylanıslı barlıq gúmanlar, eger de olardı saplastırıw múmkinshilikleri tamamlanǵan bolsa, gúmanlanıwshınıń, ayıplanıwshınıń, sudlanıwshınıń yamasa sudlanǵan shaxstıń paydasına sheshiliwi kerek.

Gúmanlanıwshı, ayıplanıwshı yamasa sudlanıwshı óziniń ayıpsızlıǵın dálillewi shárt emes hám qálegen waqıtta únsizlik saqlaw huqıqınan paydalanıwı múmkin.

Heshkim ózine hám jaqın tuwısqanlarına qarsı gúwalıq beriwge májbúr emes.

Eger shaxstıń óziniń ayıbın moyınlaǵanlıǵı oǵan qarsı birden-bir dálil bolsa, ol ayıpker dep tabılıwı yamasa jazaǵa tartılıwı múmkin emes.

Erkinen ayırılǵan barlıq shaxslar ózine qarata insanıylıq qatnasıqta bolınıwı hám de insan shaxsına tán bolǵan ar-namısı hám qádiri húrmet etiliwi huqıqına iye.

Shaxstıń sudlanǵanlıǵı hám bunnan kelip shıǵatuǵın huqıqıy aqıbetler onıń tuwısqanları huqıqların sheklew ushın tiykar bolıwı múmkin emes.

**29-statya.**

Hárkimge qánigeli yuridikalıq járdem alıw huqıqı kepillenedi. Nızamda názerde tutılǵan jaǵdaylarda yuridikalıq járdem mámleket esabınan kórsetiledi.

Hárbir shaxs jınayat procesiniń hárqanday basqıshında, al shaxs uslanǵanında onıń háreketleniw

erkinligi huqıqı ámelde sheklengen waqıttan baslap óziniń tańlawına muwapıq advokat járdeminen paydalanıw huqıqına iye.

Gúmanlanıwshı, ayıplanıwshı yamasa sudlanıwshı ayıplawdıń mánisi hám tiykarları haqqında xabardar etiliwi, oǵan qarsı yamasa onıń paydasına kórsetpe berip atırǵan shaxslardıń soraw qılınıwın talap etiw, dilmash járdeminen paydalanıw huqıqına iye.

Nızamdı buzǵan halda alınǵan dálillerden ádil sudlawdı ámelge asırıw waqtında paydalanıwǵa jol qoyılmaydı.

Jınayat ushın húkim etilgen hárkim nızamda belgilengen tártipte húkimniń joqarı turıwshı sud tárepinen qayta kórip shıǵılıwı huqıqına, sonday-aq, ápiw etiw yamasa jazanı jeńillestiriw haqqında ótinish etiw huqıqına iye.

Huqıqbuzarlıqlardan jábirlengenlerdiń huqıqları nızam menen qorǵaladı. Mámleket jábirlengenlerge qorǵanıwdı hám ádil sudlawdan paydalanıwdı támiyinleydi, olarǵa tiygizilgen zıyannıń ornı qaplanıwı ushın sharayatlar jaratadı.

**30-statya.**

Heshkim rásmiy járiyalanbaǵan nızam tiykarında húkim etiliwi, jazaǵa tartılıwı, mal-múlkinen yamasa basqa bir huqıqınan ayırılıwı múmkin emes.

Heshkim bir jınayat ushın qayta húkim etiliwi múmkin emes.

**31-statya.**

Hárbir insan jeke ómirine qol qatılmaslıǵı, jeke hám shańaraqlıq sırǵa iye bolıw, óziniń ar-namısı hám qádirin qorǵaw huqıqına iye.

Hárkim xat jazısıwları, telefon arqalı sóylesiwleri, pochta, elektron hám basqa xabarları sır saqlanıwı huqıqına iye. Usı huqıqtıń shekleniwine tek ǵana nızamǵa muwapıq hám sudtıń sheshimine tiykarlanıp jol qoyıladı.

Hárkim óziniń shaxsına baylanıslı maǵlıwmatlardı qorǵaw huqıqına, sonday-aq, nadurıs maǵlıwmatlardıń dúzetiliwin, ózi haqqında nızamǵa qayshı jol menen toplanǵan yamasa huqıqıy tiykarlarǵa iye bolmaǵan maǵlıwmatlardıń joq etiliwin talap etiw huqıqına iye.

Hárkim turaq jayǵa qol qatılmaslıq huqıqına iye.

Heshkim turaq jayǵa onda jasawshı shaxslardıń qálewine qarsı kiriwi múmkin emes. Turaq jayǵa kiriwge, sonday-aq, shıǵarıp alıwǵa hám kózden keshiriwdi ótkeriwge tek ǵana nızamda názerde tutılǵan jaǵdaylarda hám tártipte jol qoyıladı. Turaq jayda tintiw ótkeriwge tek ǵana nızamǵa muwapıq hám sudtıń sheshimine tiykarlanıp jol qoyıladı.

**32-statya.**

Nızamlı tiykarlarda Ózbekstan Respublikası aymaǵında bolıp turǵan hárkim mámleket boylap erkin háreketleniw, turar hám jasaw ornın tańlaw huqıqına iye, nızamda belgilengen sheklewler bunnan tısqarı.

Hárkim Ózbekstannan erkin shıǵıw huqıqına iye, nızamda belgilengen sheklewler bunnan tısqarı. Ózbekstan Respublikası puqarası Ózbekstanǵa tosqınlıqsız qaytıw huqıqına iye.

**33-statya.**

Hárkim pikirlew, sóz hám isenim erkinligi huqıqına iye.

Hárkim hárqanday málimlemeni izlew, alıw hám tarqatıw huqıqına iye.

Mámleket Internet jáhán málimleme tarmaǵınan paydalanıwdı támiyinlew ushın sharayatlar jaratadı.

Málimlemeni izlew, alıw hám tarqatıwǵa bolǵan huqıqtı sheklewge tek ǵana nızamǵa muwapıq hám de konstituciyalıq dúzimdi, xalıqtıń densawlıǵın hám sociallıq ádep-ikramlılıqtı, basqa shaxslardıń huqıq hám erkinliklerin qorǵaw, jámiyet qáwipsizligin hám de jámiyetlik tártipti támiyinlew, sonday-aq, mámleket sırları yamasa nızam menen qorǵalatuǵın basqa sır ashılıwınıń aldın alıw maqsetinde zárúr bolǵan sheńberde jol qoyıladı.

**34-statya.**

Mámleketlik uyımlar hám shólkemler, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları, olardıń lawazımlı shaxsları hárkimge óziniń huqıqları hám de nızamlı máplerine baylanıslı bolǵan hújjetler, sheshimler hám basqa da materiallar menen tanısıw múmkinshiligin támiyinlewi shárt.

**35-statya.**

Hújdan erkinligi hámme ushın kepillenedi. Hárkim qálegen dinge iseniwge yamasa heshbir dinge isenbew huqıqına iye. Diniy kózqaraslardı májbúriy sińdiriwge jol qoyılmaydı.

## VIII bap. Siyasiy huqıqlar

**36-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları jámiyet hám mámleket islerin basqarıwda tikkeley hám óz wákilleri

arqalı qatnasıw huqıqına iye. Bunday qatnasıw ózin-ózi basqarıw, referendumlar ótkeriw hám mámleketlik uyımlardı demokratiyalıq túrde shólkemlestiriw, sonday-aq, mámleketlik uyımlardıń jumısı ústinen jámiyetlik qadaǵalaw járdeminde ámelge asırıladı.

Mámleketlik uyımlardıń jumısı ústinen jámiyetlik qadaǵalawdı ámelge asırıw tártibi nızam menen belgilenedi.

**37-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları mámleketlik xızmetke kiriwde teń huqıqqa iye.

Mámleketlik xızmetin ótew menen baylanıslı sheklewler nızam menen belgilenedi.

**38-statya.**

Puqaralar ózleriniń jámiyetlik belsendiligin Ózbekstan Respublikası nızamlarına muwapıq mitingler, jıynalıslar hám demonstraciyalar túrinde ámelge asırıw huqıqına iye. Hákimiyat uyımları tek qáwipsizlikti názerde tutqan halda bunday ilajlardıń ótkeriliwin toqtatıw yamasa qadaǵan etiw huqıqına iye.

**39-statya.**

Ózbekstan Respublikası puqaraları kásiplik awqamlarǵa, siyasiy partiyalarǵa hám basqa da jámiyetlik birlespelerge birlesiw, ǵalabalıq háreketlerde qatnasıw huqıqına iye.

Siyasiy partiyalarda, jámiyetlik birlespelerde, ǵalabalıq háreketlerde, sonday-aq, mámleketlik hákimiyattıń wákillikli uyımlarında azshılıqtı quraytuǵın oppozi-

SamDTU axborot-resurs markazi

ciyalıq shaxslardıń huqıqları, erkinlikleri hám qádirin heshkim kemsitiwi múmkin emes.

**40-statya.**

Hárkim tikkeley ózi hám basqalar menen birgelikte mámleketlik uyımlarǵa hám de shólkemlerge, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımlarına, lawazımlı shaxslarǵa yamasa xalıq wákillerine arzalar, usınıslar hám shaǵımlar menen múrájat etiw huqıqına iye.

Arzalar, usınıslar hám shaǵımlar nızamda belgilengen tártipte hám múddetlerde kórip shıǵılıwı shárt.

## IX bap. Ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy hám ekologiyalıq huqıqlar

**41-statya.**

Hárbir shaxs menshik huqıqına iye.

Bank operaciyalarınıń, amanatlarınıń hám esap-betleriniń sır saqlanıwı hám de miyras huqıqı nızam menen kepillenedi.

**42-statya.**

Hárkim ılayıqlı miynet etiw, kásip hám jumıs túrin erkin tańlaw, qáwipsizlik hám gigiena talaplarına juwap beretuǵın qolaylı miynet sharayatlarında islew, miyneti ushın hesh qanday kemsitiwlersiz hám de miynetke haqı tólewdiń belgilengen eń kem muǵdarınan kem bolmaǵan ádil haqı alıw, sonday-aq, jumıssızlıqtan nızamda belgilengen tártipte qorǵanıw huqıqına iye.

Miynetke haqı tólewdiń eń kem muǵdarı insannıń ılayıqlı turmıs dárejesin támiyinlew zárúrligi esapqa alınǵan halda belgilenedi.

Hámiledar yamasa balası barlıǵı sebepli hayallardı jumısqa qabıl etiwden bas tartıw, jumıstan bosatıw hám olardıń is haqısın kemeytiw qadaǵan etiledi.

**43-statya.**

Mámleket puqaralardıń bántligin támiyinlew, olardı jumıssızlıqtan qorǵaw, sonday-aq, kámbaǵallıqtı qısqartıw ilajların kóredi.

Mámleket puqaralardıń kásiplik tayarlıǵın hám qayta tayarlanıwın shólkemlestiredi hám de xoshametleydi.

**44-statya.**

Sudtıń sheshimi menen tayınlanǵan jazanı ótew tártibinen yamasa nızamda názerde tutılǵan basqa jaǵdaylardan tısqarı májbúriy miynet qadaǵan etiledi.

Balalar miynetiniń balanıń densawlıǵına, qáwipsizligine, minez-qulqına, aqılıy hám fizikalıq rawajlanıwına qáwip salıwshı, sonıń menen birge onıń bilim alıwına tosqınlıq etiwshi hárqanday túrleri qadaǵan etiledi.

**45-statya.**

Hárkim dem alıw huqıqına iye.

Jallanıp islewshilerge dem alıs huqıqı jumıs waqtınıń dawamlılıǵın, dem alıs hám islenbeytuǵın bayram kúnlerin, haqı tólenetuǵın hár jılǵı miynet demalısın belgilew arqalı támiyinlenedi.

**46-statya.**

Hárkim qartayǵanda, miynet etiw uqıbınan ayırılǵanda, jumıssızlıqta, sonday-aq, asırawshısınan ayırılǵanda hám nızamda názerde tutılǵan basqa da jaǵdaylarda sociallıq jaqtan támiyinleniw huqıqına iye.

Nızamda belgilengen pensiyalar, napaqalar hám basqa da túrdegi sociallıq járdemniń muǵdarları rásmiy túrde belgilengen eń kem tutınıw qárejetlerinen az bolıwı múmkin emes.

**47-statya.**

Hárkim turaq jaylı bolıw huqıqına iye.

Heshkim sudtıń sheshimisiz hám nızamǵa qayshı túrde turaq jayınan ayırılıwı múmkin emes. Turaq jayınan ayırılǵan menshik iyesine turaq jaydıń qunı hám de ol kórgen zıyanlardıń ornı nızamda názerde tutılǵan jaǵdaylarda hám tártipte aldın ala, teń muǵdarda qaplap beriliwi támiyinlenedi.

Mámleket turaq jay qurılısın xoshametleydi hám turaq jayǵa bolǵan huqıqtıń ámelge asırılıwı ushın sharayatlar jaratadı.

Xalıqtıń sociallıq jaqtan mútáj qatlamların turaq jay menen támiyinlew tártibi nızam menen belgilenedi.

**48-statya.**

Hárkim densawlıǵın saqlaw hám qánigeli medicinalıq xızmetten paydalanıw huqıqına iye.

Ózbekstan Respublikası puqaraları medicinalıq járdemniń kepillengen muǵdarın nızamda belgilengen tártipte mámleket esabınan alıwǵa haqılı.

Mámleket densawlıqtı saqlaw sistemasın, onıń mámleket hám mámleketlik emes formaların, medicinalıq qamsızlandırıwdıń hár qıylı túrlerin rawajlandırıw, xalıqtıń sanitariya-epidemiologiyalıq salamatlıǵın támiyinlew ilajların kóredi.

Mámleket dene tárbiya hám sporttı rawajlandırıw, xalıq arasında salamat turmıs tárizin qáliplestiriw ushın sharayatlar jaratadı.

**49-statya.**

Hárkim qolaylı qorshaǵan ortalıqqa, onıń jaǵdayı haqqındaǵı isenimli máalimlemege iye bolıw huqıqına iye.

Mámleket puqaralardıń ekologiyalıq huqıqların támiyinlew hám qorshaǵan ortalıqqa zıyanlı tásir kórsetiliwine jol qoymaw maqsetinde qala qurılısı jumısı tarawında jámiyetlik qadaǵalawdı ámelge asırıw ushın sharayatlar jaratadı.

Qala qurılısı hújjetleriniń joybarları nızamda belgilengen tártipte jámiyetlik dodalawdan ótkeriledi.

Mámleket turaqlı rawajlanıw principine muwapıq, qorshaǵan ortalıqtı jaqsılaw, tiklew hám qorǵaw, ekologiyalıq teń salmaqlılıqtı saqlaw boyınsha ilajlardı ámelge asıradı.

Mámleket Aralboyı regionınıń ekologiyalıq sistemasın qorǵaw hám de tiklew, regiondı sociallıq hám ekonomikalıq jaqtan rawajlandırıw boyınsha ilajlar kóredi.

**50-statya.**

Hárkim bilim alıw huqıqına iye.

Mámleket úzliksiz bilimlendiriw sisteması, onıń hár qıylı túrleri hám formaları, mámleketlik hám mámleketlik emes bilimlendiriw shólkemleriniń rawajlanıwın támiyinleydi.

Mámleket mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiyanı rawajlandırıw ushın sharayatlar jaratadı.

Mámleket biypul ulıwma orta bilim beriw hám baslanǵısh professional bilim alıwǵa kepillik beredi. Ulıwma orta bilim beriw májbúriy esaplanadı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya, ulıwma orta bilimlendiriw mámleket qadaǵalawında boladı.

Bilimlendiriw shólkemlerinde ayrıqsha bilim mútájliklerine iye bolǵan balalar ushın inklyuzivlik bilim hám tárbiya támiyinlenedi.

**51-statya.**

Puqaralar mámleketlik bilimlendiriw shólkemlerinde tańlaw tiykarında mámleket esabınan joqarı maǵlıwmat alıwǵa haqılı.

Joqarı bilimlendiriw shólkemleri nızamǵa muwapıq akademiyalıq erkinlik, ózin-ózi basqarıw, izleniwler ótkeriw hám oqıtıw erkinligi huqıqına iye.

**52-statya.**

Ózbekstan Respublikasında oqıtıwshınıń miyneti jámiyet hám mámleketti rawajlandırıw, salamat, jetik áwladtı qáliplestiriw, tárbiyalaw, xalıqtıń ruwxıy, mádeniy potencialın saqlaw hám bayıtıwdıń tiykarı retinde tán alınadı.

Mámleket oqıtıwshılardıń ar-namısı hám qádir-qımbatın qorǵaw, olardıń sociallıq hám materiallıq párawanlıǵı, kásiplik jaqtan jetilisiwi haqqında ǵamxorlıq etedi.

**53-statya.**

Hárkimge ilimiy, texnikalıq hám kórkem dóretiwshilik erkinligi, mádeniyat jetiskenliklerinen paydalanıw huqıqı kepillenedi. Intellektual múlk nızam menen qorǵaladı.

Mámleket jámiyettiń mádeniy, ilimiy hám texnikalıq rawajlanıwı haqqında ǵamxorlıq etedi.

## X bap. Insan hám de puqaranıń huqıq hám erkinlikleri kepillikleri

**54-statya.**

Insannıń huqıq hám erkinliklerin támiyinlew mámlekettiń joqarı maqseti bolıp tabıladı.

Mámleket insan hám puqaranıń Konstituciya hám nızamlarda bekkemlep qoyılǵan huqıqları hám erkinliklerin támiyinleydi.

**55-statya.**

Hárkim óz huqıq hám erkinliklerin nızamda qadaǵan etilmegen barlıq usıllar menen qorǵawǵa haqılı.

Hárkimge óziniń huqıq hám erkinliklerin sud arqalı qorǵaw, mámleketlik uyımlardıń hám basqa da shólkemlerdiń, olardıń lawazımlı shaxslarınıń nızamǵa qayshı sheshimleri, háreketleri hám háreketsizligi ústinen sudqa shaǵım etiw huqıqına kepillik beriledi.

Hárkimge buzılǵan huqıq hám erkinliklerin tiklew ushın onıń jumısı nızamda belgilengen múddetlerde wákillikli, biyǵárez hám de qalıs sud tárepinen kórip shıǵılıwı huqıqına kepillik beriledi.

Hárkim Ózbekstan Respublikasınıń nızamshılıǵına hám xalıqaralıq shártnamalarına muwapıq, eger mámlekettiń huqıqıy qorǵawǵa baylanıslı barlıq ishki quralların paydalanıp bolıńgan bolsa, insannıń huqıq hám erkinliklerin qorǵawshı xalıqaralıq uyımlarǵa múrájat etiwge haqılı.

Hárkim mámleketlik uyımlardıń yamasa olardıń lawazımlı shaxslarınıń nızamsız sheshimleri, háreketleri yamasa háreketsizligi sebepli keltirilgen zıyannıń ornı mámleket tárepinen qaplanıw huqıqına iye.

**56-statya.**

Insan huqıqları boyınsha milliy institutlar insan huqıq hám erkinliklerin qorǵawdıń ámeldegi túrleri jáne de qurallarin tolıqtıradı, puqaralıq jámiyetti rawajlandırıwǵa hám insan huqıqları mádeniyatın kóteriwge kómeklesedi.

Mámleket insan huqıqları boyınsha milliy institutlar jumısın shólkemlestiriw ushın múmkinshilikler jaratadı.

**57-statya.**

Miynetke jaramsız hám jalǵız baslı qartayǵan shaxslar, mayıplıǵı bolǵan shaxslar hám xalıqtıń sociallıq jaqtan mútáj bolǵan basqa qatlamlarınıń huqıqları mámleket qorǵawında boladı.

Mámleket xalıqtıń sociallıq jaqtan mútáj bolǵan qatlamlarınıń turmıs sapasın asırıwǵa, jámiyet hám mámleket turmısında tolıq qatnasıwı ushın olarǵa sharayatlar jaratıwǵa hám de olardıń tiykarǵı turmıslıq mútájliklerin ǵárezsiz túrde támiyinlew múmkinshiliklerin keńeytiwge qaratılǵan ilajlardı kóredi.

Mámleket mayıplıǵı bolǵan shaxslardıń sociallıq, ekonomikalıq, mádeniy tarawlar obyektleri hám xızmetlerinen tolıq paydalanıwı ushın sharayatlar jaratadı, olardıń jumısqa ornalasıwına, bilim alıwına kómeklesedi, olarǵa zárúr bolǵan málimlemeni tosqınlıqsız alıw múmkinshiligin támiyinleydi.

**58-statya.**

Hayal-qızlar hám er adamlar teńdey huqıqlarǵa iye.

Mámleket hayal-qızlar hám er adamlarǵa jámiyet hám mámleket jumısların basqarıwda, sonday-aq, jámiyet hám mámleket turmısınıń basqa tarawlarında teńdey huqıq hám múmkinshiliklerin támiyinleydi.

## XI bap. Puqaralardıń minnetleri

**59-statya.**

Barlıq puqaralar Konstituciyada belgilengen minnetlerdi orınlaydı.

**60-statya.**

Puqaralar Konstituciya hám nızamlarǵa ámel etiwge, basqa insanlardıń huqıqların, erkinliklerin, ar-namısın hám qádirin húrmetlewge minnetli.

**61-statya.**

Puqaralar Ózbekstan xalqınıń tariyxıy, ruwxıy, mádeniy, ilimiy hám tábiyǵıy miyrasın qásterlep saqlawı shárt.

Tariyxıy, ruwxıy, mádeniy, ilimiy hám tábiyǵıy miyras mámleket tárepinen qorǵaladı.

**62-statya.**

Puqaralar qorshap turǵan tábiyǵıy ortalıqqa ıqtıyatlı túrde qatnas jasawǵa minnetli.

**63-statya.**

Puqaralar nızam menen belgilengen salıqlardı hám jıyımlardı tólewi shárt.

Salıq hám jıyımlar ádil bolıwı hám de puqaralardıń óziniń konstituciyalıq huqıqların ámelge asırıwına tosqınlıq etpewi tiyis.

**64-statya.**

Ózbekstan Respublikasın qorǵaw – Ózbekstan Respublikasınıń hárbir puqarasınıń minneti. Puqaralar nızamda belgilengen tártipte áskeriy yamasa alternativalı xızmetti ótewge minnetli.

# ÚSHINSHI BÓLIM.

# JÁMIYET HÁM SHAXS

## XII bap. Jámiyettiń ekonomikalıq tiykarları

**65-statya.**

Puqaralar párawanlıǵın asırıwǵa qaratılǵan Ózbekstan ekonomikasınıń tiykarın menshiktiń hár qıylı túrleri quraydı. Mámleket bazar qatnasıqların rawajlandırıw hám hadal báseki ushın sharayatlar jaratadı, tutınıwshılardıń huqıqları ústinligin esapqa alǵan halda ekonomikalıq iskerlik, isbilermenlik hám miynet etiw erkinligine kepillik beredi.

Ózbekstan Respublikasında barlıq menshik formalarınıń teń huqıqlılıǵı hám huqıqıy jaqtan qorǵalıwı támiyinlenedi.

Jeke menshikke qol qatılmaydı. Menshik iyesi óz mal-múlkinen nızamda názerde tutılǵan jaǵdaylardan hám tártipten tısqarı hám de sudtıń sheshimine tiykarlanbaǵan halda ayırılıwı múmkin emes.

**66-statya.**

Menshik iyesi ózine tiyisli bolǵan mal-múlkke óz ıqtıyarı menen iyelik etedi, paydalanadı hám biylik etedi. Mal-múlkten paydalanıw qorshaǵan ortalıqqa zıyan keltirmewi, basqa shaxslardıń, jámiyet hám mámlekettiń huqıqların hám de nızamlı máplerin buzbawı tiyis.

**67-statya.**

Mámleket qolaylı investiciyalıq hám isbilermenlik ortalıǵın támiyinleydi.

Isbilermenler nızamshılıqqa muwapıq hárqanday iskerlikti ámelge asırıwǵa hám onıń baǵdarların ǵárezsiz túrde tańlawǵa haqılı.

Ózbekstan Respublikası aymaǵında ekonomikalıq keńislik birligi, tovarlar, xızmetler, miynet resursları hám finanslıq qárejetlerdiń erkin háreketleniwi kepillenedi.

Monopoliyalıq iskerlik nızam menen tártipke salınadı hám sheklenedi.

**68-statya.**

Jer, jer astı baylıqları, suw, ósimlik, haywanat dúnyası hám basqa da tábiyǵıy resurslar ulıwma milliy baylıq bolıp tabıladı. Olardan aqılǵa muwapıq paydalanılıwı tiyis hám olar mámleket qorǵawında boladı.

Jer nızamda názerde tutılǵan hám onnan aqılǵa muwapıq paydalanıwdı, onı ulıwmamilliy baylıq sıpatında qorǵawdı támiyinlewshi shártler tiykarında hám tártipte jeke menshik bolıwı múmkin.

## XIII bap. Puqaralıq jámiyeti institutları

**69-statya.**

Puqaralıq jámiyeti institutları, sonıń ishinde jámiyetlik birlespeler hám basqa da mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemleri, puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları, ǵalaba xabar quralları puqaralıq jámiyetiniń tiykarın quraydı.

Puqaralıq jámiyeti institutlarınıń jumısı nızamǵa muwapıq ámelge asırıladı.

**70-statya.**

Ózbekstan Respublikasında kásiplik awqamlar, siyasiy partiyalar, ilimpazlardıń jámiyetleri, hayal-qızlar shólkemleri, nuranıylar, jaslar, mayıplıǵı bolǵan shaxslar shólkemleri, dóretiwshilik awqamlar, ǵalabalıq háreketler hám puqaralardıń basqa da birlespeleri jámiyetlik birlespeler sıpatında belgilenedi.

Jámiyetlik birlespelerdi tarqatıw, olardıń jumısına tıyım salıw yamasa sheklew tek ǵana sudtıń sheshimi tiykarında ámelge asırıladı.

**71-statya.**

Konstituciyalıq dúzimdi kúsh penen ózgertiwdi maqset etip qoyǵan, Ózbekstannıń mámleketlik suverenitetine, aymaqlıq pútinligine hám qáwipsizligine qarsı háreket etetuǵın, urıstı, sociallıq, milliy, rasalıq hám de diniy óshpenlilikti násiyatlaytuǵın, puqaralardıń konstituciyalıq huqıqları hám erkinliklerine, xalıqtıń densawlıǵına, sociallıq ádep-ikramlılıǵına qol qatatuǵın siyasiy partiyalardıń, basqa mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemlerdiń, sonday-aq, milliy hám diniy belgileri boyınsha siyasiy partiyalardıń áskeriylestirilgen birlespelerdiń dúziliwi hám jumısı qadaǵan etiledi.

Astırtın jámiyetler hám birlespeler dúziw qadaǵan etiledi.

**72-statya.**

Mámleket mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemlerdiń huqıqları menen nızamlı máplerine ámel etiliwin támiyinleydi, olarǵa jámiyet turmısında qatnasıw ushın teńdey huqıqıy múmkinshilikler jaratadı.

Mámleketlik uyımlar hám lawazımlı shaxslardıń mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemlerdiń

jumısına aralasıwına, sonday-aq, mámleketlik emes kommerciyalıq emes shólkemlerdiń mámleketlik uyımlar hám lawazımlı shaxslardıń jumısına aralasıwına jol qoyılmaydı.

**73-statya.**

Kásiplik awqamlar xızmetkerlerdiń sociallıq-ekonomikalıq huqıqların hám máplerin gózleydi hám qorǵaydı. Kásiplik awqamlarına aǵzalıq ıqtıyarlı boladı.

**74-statya.**

Siyasiy partiyalar hár qıylı sociallıq qatlam hám toparlardıń siyasiy erkin bildiredi hám ózleriniń demokratiyalıq jol menen saylap qoyılǵan wákilleri arqalı mámleketlik hákimiyattı dúziwde qátnasadı. Siyasiy partiyalar óz jumısın qarjılandırıw dárekleri haqqında Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasına yamasa ol wákillik bergen uyımǵa belgilengen tártipte ashıq esabatlar usınıladı.

**75-statya.**

Diniy shólkemler mámleketten ajıratılǵan hám de nızam aldında teń bolıp tabıladı. Mámleket diniy shólkemlerdiń jumısına aralaspaydı.

Mámleket nızamda belgilengen tártipte jumıs islep atırǵan diniy shólkemler jumısınıń erkinligine kepillik beredi.

## XIV bap. Shańaraq, balalar hám jaslar

**76-statya.**

Shańaraq jámiyettiń tiykarǵı buwını bolıp tabıladı hám de ol jámiyet hám mámlekettiń qorǵawında boladı.

Neke Ózbekstan xalqınıń dástúriy shańaraqlıq qádiriyatlarına, nekeleniwshilerdiń ıqtıyarıy razılıǵına hám teń huqıqlıǵına tiykarlanadı.

Mámleket shańaraqtıń tolıq rawajlanıwı ushın sociallıq, ekonomikalıq, huqıqıy hám basqa da sharayatlardı jaratadı.

**77-statya.**

Ata-analar hám olardıń ornın basıwshı shaxslar óziniń perzentlerin erjetkenge shekem baǵıw, olardıń tárbiyası, bilim alıwı, salamatlıǵı, tolıq hám hár tárepleme kamalǵa keliwinde ǵamxorlıq etiwge minnetli.

Mámleket hám jámiyet jetim balalardı hám ata-anasınıń qáwenderliginen ayırılǵan balalardı baǵıwdı, tárbiyalawdı, olardıń bilim alıwın, salamat, tolıq túrde hám hár tárepleme kamalǵa keliwin támiyinleydi, sol maqsette qayırqomlıq jumısın xoshametleydi.

**78-statya.**

Balalar ata-anasınıń shıǵısına hám puqaralıq halatına qaramastan nızam aldında teń.

Balanıń huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máplerin támiyinlew hám de qorǵaw, onıń fizikalıq, aqılıy hám mádeniy jaqtan tolıq kamalǵa keliwi ushın eń jaqsı sharayatlardı jaratıw mámlekettiń minneti bolıp tabıladı.

Analıq, atalıq hám balalıq mámleket tárepinen qorǵaladı.

Mámleket hám jámiyet balalarda hám de jaslarda milliy hám ulıwmainsanıylıq qádiriyatlarǵa sadıqlıqtı, mámleketinen jáne de xalıqtıń bay mádeniy miyrasın maqtanısh etiw, watan súyiwshilik hám Watanǵa bolǵan muhabbat sezimin qáliplestiriw haqqında ǵamxorlıq etedi.

**79-statya.**

Mámleket jaslardıń jeke, siyasiy, ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy, ekologiyalıq huqıqları qorǵalıwın támiyinleydi, olardıń jámiyet hám mámleket turmısında belsendi qatnasıwın xoshametleydi.

Mámleket jaslardıń intellektual, dóretiwshilik, fizikalıq hám ádep-ikramlılıq jaqtan qáliplesiwi hám de rawajlanıwı ushın, olardıń bilim alıwına, densawlıǵın saqlawǵa, turaq jayǵa, jumısqa ornalasıwına, bántlik hám dem alıwǵa bolǵan huqıqların ámelge asırıw ushın sharayatlar jaratadı.

**80-statya.**

Er jetken miynetke jaramlı balalar ózleriniń ata-analarına ǵamxorlıq kórsetiwge minnetli.

## XV bap. Ǵalaba xabar quralları

**81-statya.**

Ǵalaba xabar quralları erkin hám nızamǵa muwapıq jumıs alıp baradı.

Mámleket ǵalaba xabar quralları jumısınıń erkinligin, olardıń málimlemeni izlew, alıw, onnan paydalanıw hám onı tarqatıwǵa bolǵan huqıqları ámelge asırılıwına kepillik beredi.

Ǵalaba xabar quralları ózi usınǵan málimlemeniń isenimliligi ushın juwapker bolıp esaplanadı.

**82-statya.**

Cenzuraǵa jol qoyılmaydı.

Ǵalaba xabar quralларınıń jumısına tosqınlıq etiw yamasa aralasıw nızamǵa muwapıq juwapkershilikke sebep boladı.

# TÓRTINSHI BÓLIM. HÁKIMSHILIK-AYMAQLÍQ HÁM MÁMLEKETLIK DÚZILISI

## XVI bap. Ózbekstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi

**83-statya.**

Ózbekstan Respublikası wálayatlar, rayonlar, qalalar, posyolkalar, awıllar, sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikasınan ibarat.

**84-statya.**

Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar, Tashkent qalasınıń shegaraların ózgertiw, sonday-aq, wálayatlar qalalar, rayonlar dúziw hám olardı saplastırıw Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń kelisimi menen ámelge asırıladı.

## XVII bap. Qaraqalpaqstan Respublikası

**85-statya.**

Suveren Qaraqalpaqstan Respublikası Ózbekstan Respublikasınıń quramına kiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń suvereniteti Ózbekstan Respublikası tárepinen qorǵaladı.

**86-statya.**

Qaraqalpaqstan Respublikası óziniń Konstituciyasına iye.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstituciyası Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına qayshı bolıwı múmkin emes.

**87-statya.**

Ózbekstan Respublikası nızamları Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında da májbúriy bolıp tabıladı.

**88-statya.**

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń aymaǵı hám shegaraları onıń kelisimisiz ózgertiliwi múmkin emes. Qaraqalpaqstan Respublikası óziniń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi máselelerin óz betinshe sheshedi.

**89-statya.**

Qaraqalpaqstan Respublikası Ózbekstan Respublikası quramınan Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń ulıwmalıq referendumı tiykarında ajıralıp shıǵıw huqıqına iye.

**90-statya.**

Ózbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń óz ara qatnasıqları Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası arasında Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń sheńberinde dúzilgen shártnamalar hám de kelisimler menen tártipke salınadı.

Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası arasındaǵı tartıslar kelisimge keliw jolı menen sheshiledi.

# BESINSHI BÓLIM. MÁMLEKETLIK HÁKIMIYATTÍ SHÓLKEMLESTIRIW

## XVIII bap. Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi

**91-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi joqarı mámleketlik wákillik organı bolıp, nızam shıǵarıwshı hákimiyattı ámelge asıradı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi eki palatadan – Nızamshılıq palatası (tómengi palata) hám Senattan (joqarı palata) ibarat.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senattıń wákillik múddeti – bes jıl.

**92-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası nızamǵa muwapıq saylanatuǵın bir júz eliw deputattan ibarat.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı aymaqlıq wákillik palatası bolıp, Senat aǵzalarınan (senatorlardan) ibarat.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı aǵzaları Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi, wálayatlar, rayonlar hám qalalardıń mámleketlik hákimiyat wákillik uyımları deputatlarınıń tiyisli qospa májilislerinde usı deputatlar arasınan jasırın dawıs beriw jolı menen Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent

qalasınan teń muǵdarda – tórt adamnan saylanadı. Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń toǵız aǵzası ilim, kórkem óner, ádebiyat, óndiris tarawında, sonday-aq, mámleketlik hám jámiyetlik xızmettiń basqa tarawlarında úlken ámeliy tájiriybege iye bolǵan hám de ayrıqsha xızmet kórsetken eń abıraylı puqaralar arasınan Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen tayınlanadı.

Saylaw kúni jigirma bes jasqa tolǵan hám de keminde bes jıl Ózbekstan Respublikası aymaǵında turaqlı jasap atırǵan Ózbekstan Respublikası puqarası Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń deputatı, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń aǵzası bolıwı múmkin. Deputatlıqqa talabanlarǵa qoyılatuǵın talaplar nızam menen belgilenedi.

Bir waqıttıń ózinde bir shaxs Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatı hám Senat aǵzası bolıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń deputatı bir waqıttıń ózinde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń, wálayatlar, rayonlar hám qalalar mámleketlik hákimiyat wákillik uyımlarınıń deputatı bolıwı múmkin emes.

**93-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası hám Senattıń birgeliktegi wákillikleri tómendegilerden ibarat:

1) Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasın qabıl etiw, oǵan ózgeris hám qosımshalar kirgiziw;

2) Ózbekstan Respublikasınıń konstituciyalıq nızamların, nızamlardı qabıl etiw, olarǵa ózgeris hám qosımshalar kirgiziw;

3) xalıqaralıq shártnamalardı ratifikaciyalaw hám denonsaciyalaw;

4) Ózbekstan Respublikasınıń referendumın ótkeriw haqqında hám onı ótkeriw sánesin tayınlaw haqqında qarar qabıl etiw;

5) Ózbekstan Respublikası ishki hám sırtqı siyasatınıń tiykarǵı baǵdarların belgilew hám de mámleketlik strategiyalıq baǵdarlamaların qabıl etiw;

6) Ózbekstan Respublikası nızam shıǵarıwshı, atqarıwshı hám sud hákimiyatı uyımlarınıń sistemasın hám wákilliklerin belgilew;

7) Ózbekstan Respublikası quramına jańa mámleketlik dúzilmelerdi qabıl etiw hám olardıń Ózbekstan Respublikası quramınan shıǵıwı haqqındaǵı qararlardı tastıyıqlaw;

8) bajıxana, valyuta hám kredit islerin nızam jolı menen tártipke salıw;

9) Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń usınısına muwapıq Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjetin qabıl etiw, oǵan ózgeris hám qosımshalar kirgiziw;

10) Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik qarızınıń eń joqarı muǵdarın belgilew;

11) salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi engiziw;

12) Ózbekstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi máselelerin nızam jolı menen tártipke salıw, shegaraların ózgertiw;

13) rayonlar, qalalar, wálayatlardı dúziw, saplastırıw, olardıń atamasın hám de shegaraların ózgertiw;

14) mámleketlik sıylıqlar hám ataqlardı shólkemlestiriw;

15) Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyasın dúziw;

16) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Insan huqıqları boyınsha wákilin hám onıń orınbasarın saylaw;

17) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Ózbekstan Respublikasına hújim etilgende yamasa bir-birin qáwipten qorǵaw boyınsha dúzilgen shártnama minnetlemelerin orınlaw zárúrligi tuwılǵanda urıs jaǵdayın járiyalaw haqqındaǵı pármanın tastıyıqlaw;

18) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ulıwma yamasa bir bólegin mobilizaciyalawdı járiyalaw, ayrıqsha jaǵday engiziw, onıń ámel etiwin uzaytıw yamasa toqtatıw haqqındaǵı pármanların tastıyıqlaw;

19) Ózbekstan Respublikasında korrupciyaǵa qarsı gúres haqqındaǵı hár jılǵı milliy bayanatın tıńlaw;

20) parlament tekseriwin ótkeriw;

21) usı Konstituciya hám nızamlarda názerde tutılǵan basqa da wákilliklerdi ámelge asırıw.

Palatalardıń birgeliktegi wákilliklerine kiretuǵın máseleler, ádette, dáslep Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasında, keyin Senatında kórip shıǵıladı.

**94-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń ayrıqsha wákillikleri tómendegilerden ibarat:

1) Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjetiniń orınlanıwı ústinen qadaǵalawdı ámelge asırıw;

2) Ózbekstan Respublikası Esap palatasınıń esabatın kórip shıǵıw;

3) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen Ózbekstan Respublikası Bas ministri kandidaturasın kórip shıǵıw hám maqullaw;

4) Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń mámleketti sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdıń áhmiyetli máseleleri boyınsha, sonday-aq, Ministrler Kabineti aǵzalarınıń jumısları boyınsha esabatların tıńlaw;

5) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti aǵzalıǵına kandidaturalardı kórip shıǵıw hám maqullaw;

6) Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq turmısınıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha hár jılǵı bayanatın tıńlaw;

7) mámleketlik uyımlardıń lawazımlı shaxslarına parlament sorawın jiberiw hám parlament qadaǵalawınıń basqa formaların ámelge asırıw;

8) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası Spikeri hám onıń orınbasarların, komitetlerdiń baslıqları hám olardıń orınbasarların saylaw;

9) Ózbekstan Respublikası Bas prokurorınıń usınısı menen Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatın qol qatılmaslıq huqıqınan ayırıw haqqındaǵı máselelerdi sheshiw;

10) óz jumısın shólkemlestiriw hám palatanıń ishki tártip-qaǵıydaları menen baylanıslı máseleler boyınsha qararlar qabıl etiw;

11) siyasiy, sociallıq-ekonomikalıq turmıs tarawındaǵı ol yamasa bul máseleler boyınsha, sonday-aq, mámlekettiń ishki hám sırtqı siyasatı máseleleri boyınsha qararlar qabıl etiw;

12) usı Konstituciya hám nızamlarda názerde tutılǵan basqa da wákilliklerdi ámelge asırıw.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası ózin-ózi tarqatıp jiberiw haqqında deputatlar

ulıwma sanınıń keminde úshten eki bóliminen ibarat kópshilik dawısı menen sheshim qabıl etiwi múmkin.

**95-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń ayrıqsha wákillikleri tómendegilerden ibarat:

1) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudın, Joqarǵı sudın, Sudyalar joqarı keńesin, respublika korrupciyaǵa qarsı gúresiw uyımınıń baslıǵın hám respublika monopoliyaǵa qarsı uyımınıń baslıǵın saylaw;

2) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen Ózbekstan Respublikası Bas prokurorı hám Ózbekstan Respublikası Esap palatası baslıǵı lawazımlarına talabanlardı kórip shıǵıw hám de maqullaw;

3) Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen usınıs etilgen Ózbekstan Respublikası Mámleketlik qáwipsizlik xızmeti baslıǵı lawazımına talaban boyınsha másláhátlesiwler ótkeriw;

4) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen Ózbekstan Respublikasınıń sırt ellerdegi hám xalıqaralıq shólkemler janındaǵı diplomatiyalıq hám de basqa wákilxanaları baslıqların tayınlaw hám olardı lawazımınan bosatıw;

5) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki basqarıwınıń baslıǵın tayınlaw hám onı lawazımınan bosatıw;

6) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń ministrliklerdi hám basqa respublika atqarıwshı hákimiyat uyım-

ların dúziw hám de saplastırıw haqqındaǵı pármanların tastıyıqlaw;

7) Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen amnistiya haqqındaǵı aktlerdi qabıl etiw;

8) Ózbekstan Respublikası Bas prokurorınıń, Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki basqarıwı baslıǵınıń esabatların tıńlaw;

9) Ózbekstan Respublikasınıń sırt mámleketlerdegi hám xalıqaralıq shólkemler janındaǵı diplomatiyalıq hám de basqa wákilxanaları baslıqlarınıń jumısı máseleleri boyınsha esabatların tıńlaw;

10) mámleketlik uyımlardıń lawazımlı shaxslarına parlament sorawın jiberiw hám parlament qadaǵalawınıń basqa formaların ámelge asırıw;

11) jergilikli mámleketlik hákimiyattıń wákillik uyımlarına jumısın ámelge asırıwda kómeklesiw;

12) jergilikli mámleketlik hákimiyattıń wákillik uyımlarınıń qararların, olar nızamshılıq normalarına muwapıq bolmaǵan jaǵdayda, biykar etiw;

13) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı Baslıǵın hám onıń orınbasarların, komitetlerdiń baslıqları hám olardıń orınbasarların saylaw;

14) Ózbekstan Respublikası Bas prokurorınıń usınısı menen Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı aǵzasın qol qatılmaslıq huqıqınan ayırıw haqqındaǵı máselelerdi sheshiw;

15) óz jumısın shólkemlestiriw hám palatanıń ishki tártip-qaǵıydaları menen baylanıslı máseleler boyınsha qararlar qabıl etiw;

16) siyasiy, sociallıq-ekonomikalıq turmıs tarawındaǵı ol yamasa bul máseleler boyınsha, sonday-aq, mámlekettiń ishki hám sırtqı siyasatı máseleleri boyınsha qararlar qabıl etiw;

17) Nızamshılıq palatası tarqatıp jiberilgen dáwirde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń nızamlardı qabıl etiwge baylanıslı wákilliklerdi orınlaw, Konstituciya hám konstituciyalıq nızamlar bunnan tısqarı;

18) usı Konstituciya hám nızamlarda názerde tutılǵan basqa da wákilliklerdi ámelge asırıw.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı ózin-ózi tarqatıp jiberiw haqqında senatorlar ulıwma sanınıń keminde úshten eki bóliminen ibarat kópshilik dawısı menen qarar qabıl etiwi múmkin.

**96-statya.**

Wákillik múddeti pitkennen keyin, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senatı tiyislisinshe jańa shaqırıq Nızamshılıq palatası hám Senatı jumıs baslaǵanǵa shekem óziniń jumısın dawam ettirip turadı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası hám Senatınıń birinshi májilisleri tiyislisinshe Nızamshılıq palatasına saylawdan keyin eki aydan keshiktirmey hám Senat quramı dúzilgeninen keyin bir aydan keshiktirmey Oraylıq saylaw komissiyası tárepinen shaqırıladı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń májilisleri sessiyalar dáwirinde ótkeriledi. Sessiyalar, ádette, sentyabrdiń birinshi jumıs kúninen baslap kelesi jıldıń iyun ayı aqırǵı jumıs kúnine shekem ótkeriledi.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń májilisleri zárúrlikke qarap, biraq jılına keminde úsh márte ótkeriledi.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarınıń májilisleri, eger olar ishinde barlıq deputatlar, senatorlar

ulıwma sanınıń yarımınan kóbi qatnasıp atırǵan bolsa, wákillikli esaplanadı.

Konstituciyalıq nızamlardı qabıl etiwde barlıq deputatlar, senatorlar ulıwma sanınıń keminde úshten eki bólegi qatnasıwı shárt.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senatı májilislerinde, sonday-aq, olardıń uyımları májilislerinde Ózbekstan Respublikası Prezidenti, Bas ministri, Ministrler Kabinetiniń aǵzaları, Konstituciyalıq sudı, Joqarǵı sudı, Sudyalar joqarı keńesi baslıqları, Bas prokuror, Oraylıq bank basqarıwınıń baslıǵı qatnasıwı múmkin. Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám onıń uyımları májilislerinde Senat Baslıǵı, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı hám onıń uyımları májilislerinde Nızamshılıq palatası Spikeri qatnasıwı múmkin.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senatı óz aldına bólek májilis ótkeredi.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası hám Senatınıń qospa májilisleri Ózbekstan Respublikası Prezidenti ant etkende, Ózbekstan Respublikası Prezidenti mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq turmısınıń, ishki hám sırtqı siyasatınıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha bayanat jasaǵanda ótkeriledi. Palatalardıń kelisimine muwapıq qospa májilisler basqa máseleler boyınsha da ótkeriliwi múmkin.

**97-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senatı óziniń wákilliklerine kirgizilgen máseleler boyınsha qararlar qabıl etedi.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası hám Senatınıń qararları Nızamshılıq palatası deputatları yamasa Senat aǵzaları ulıwma sanınıń kópshilik dawısı menen qabıl etiledi, usı Konstituciyada názerde tutılǵan jaǵdaylar bunnan tısqarı.

**98-statya.**

Nızamshılıq baslaması huqıqına Ózbekstan Respublikası Prezidenti, mámleketlik hákimiyattıń joqarı wákillik uyımı arqalı Qaraqalpaqstan Respublikası, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatları, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti iye. Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyalıq sudı, Joqarǵı sudı hám Bas prokurorı da óziniń wákilliklerine kirgizilgen máseleler boyınsha nızamshılıq baslaması huqıqına iye.

Nızamshılıq baslaması huqıqı nızam joybarın nızamshılıq baslaması huqıqı subyektleri tárepinen Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasına kirgiziw arqalı ámelge asırıladı.

Ózbekstan Respublikasınıń saylaw huqıqına iye bolǵan, júz mıńnan kem bolmaǵan puqaraları, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Insan huqıqları boyınsha wákili (ombudsman), Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyası nızamshılıq usınısların nızamshılıq baslaması tártibinde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasına kirgiziwge haqılı.

Nızam joybarların, nızamshılıq usınısların kirgiziw hám kórip shıǵıw tártibi nızam menen belgilenedi.

**99-statya.**

Nızam Nızamshılıq palatası tárepinen qabıl etilip, Senat tárepinen maqullanıp, Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen qol qoyılǵannan soń hám nızamda belgilengen tártipte rásmiy dáreklerde jáDriyalanǵannan keyin yuridikalıq kúshke iye boladı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası tárepinen qabıl etilgen nızam qabıl etilgen kúnnen baslap on kúnnen keshiktirmey Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatına jiberiledi.

Nızam Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı tárepinen alpıs kún ishinde kórip shıǵıladı hám maqullanǵan jaǵdayda, qol qoyılıwı hám jáDriyalanıwı ushın Ózbekstan Respublikası Prezidentine on kúnnen keshiktirmey jiberiledi.

Eger Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı nızamdı maqullaw yamasa maqullamaw haqqında alpıs kún ishinde sheshim qabıl etpese, Nızamshılıq palatası tárepinen nızamǵa qol qoyılıwı hám jáDriyalanıwı ushın Ózbekstan Respublikası Prezidentine jiberiledi.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti nızamǵa alpıs kún ishinde qol qoyadı hám jáDriyalaydı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı tárepinen qaytarılǵan nızam Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasına qaytarıladı.

Eger Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı tárepinen qaytarılǵan nızamdı qayta kórip shıǵıwda Nızamshılıq palatası deputatları ulıwma sanınıń úshten eki bóleginen ibarat kópshilik dawısı menen nızamdı jáne maqullasa, nızam Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi tárepinen qabıl etilgen bolıp esaplanadı hám de qol

qoyılıwı hám járiyalanıwı ushın Ózbekstan Respublikası Prezidentine Nızamshılıq palatası tárepinen jiberiledi.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı tárepinen qaytarılǵan nızam boyınsha Nızamshılıq palatası hám Senat júzege kelgen kelispewshiliklerdi saplastırıw ushın Nızamshılıq palatası deputatları hám Senat aǵzaları arasınan teńlik tiykarında kelisim komissiyasın dúziwi múmkin. Palatalar kelisim komissiyası usınısların qabıl etkende nızam ádettegi tártipte kórip shıǵılıwı kerek.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti nızamǵa óziniń qarsılıǵın bildiriwi menen Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine qaytarıwǵa haqılı.

Eger aldınǵı qabıl etilgen redakciyada tiyislisinshe Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatları hám Senatı aǵzaları ulıwma sanınıń keminde úshten eki bóleginen ibarat kópshilik dawısı menen maqullansa, nızam Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen on tórt kún ishinde qol qoyılıwı hám járiyalanıwı kerek.

Nızamlardıń hám basqa normativlik-huqıqıy aktlerdiń járiyalanıwı olardıń qollanılıwınıń májbúriy shárti bolıp esaplanadı.

**100-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası óziniń quramınan Nızamshılıq palatasınıń Spikeri hám onıń orınbasarların saylaydı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası Spikeri hám onıń orınbasarları jasırın dawıs beriw arqalı deputatlardıń ulıwma sanınıń kópshilik dawısı menen Nızamshılıq palatasınıń wákilligi múddetine saylanadı.

Bir shaxs qatarına eki múddetten artıq Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń Spikeri bolıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń Spikeri hám onıń orınbasarları jasırın dawıs beriw arqalı Nızamshılıq palatası deputatları ulıwma sanınıń úshten eki bóleginen kóbirek dawısı menen qabıl etilgen Nızamshılıq palatası qararına mıwapıq múddetinen aldın shaqırıp alınıwı múmkin.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń Spikeri:

1) Nızamshılıq palatası májilislerin shaqıradı, olarǵa basshılıq etedi;

2) Nızamshılıq palatası dodalawına kirgiziletuǵın máselelerdi tayarlawǵa ulıwma basshılıq etedi;

3) Nızamshılıq palatası komitetleri hám komissiyalarınıń jumısın muwapıqlastırıp baradı;

4) Ózbekstan Respublikası nızamlarınıń hám Nızamshılıq palatası qararlarınıń orınlanıwın qadaǵalawdı shólkemlestiredi;

5) parlamentlerarалıq baylanıslardı ámelge asırıw jumıslarına hám de xalıqaralıq parlament shólkemleri jumısı menen baylanıslı Nızamshılıq palatası toparlarınıń jumısına basshılıq etedi;

6) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı, basqa mámleketlik uyımlar, sırt el mámleketleri, xalıqaralıq hám basqa shólkemler menen óz ara qatnasıqlarda Nızamshılıq palatası atınan jumıs alıp baradı;

7) Nızamshılıq palatası qararlarına qol qoyadı;

8) usı Konstituciya hám nızamshılıq aktlerinde názerde tutılǵan basqa da wákilliklerdi ámelge asıradı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası Spikeri biylikler shıǵaradı.

**101-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı óziniń quramınan Senat Baslığı hám onıń orınbasarların saylaydı. Senat Baslığı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen saylanadı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatı Baslığınıń orınbasarlarınan biri Qaraqalpaqstan Respublikasınıń wákili boladı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń Baslığı hám onıń orınbasarları jasırın dawıs beriw arqalı senatorlar ulıwma sanınıń kópshilik dawısı menen Senat wákilligi múddetine saylanadı.

Bir shaxs qatarına eki múddetten artıq Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń Baslığı bolıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń Baslığı hám onıń orınbasarları jasırın dawıs beriw arqalı senatorlar ulıwma sanınıń úshten eki bóleginen kóbirek dawısı menen qabıl etilgen Senat qararına muwapıq múddetinen aldın shaqırıp alınıwı múmkin.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń Baslığı:

1) Senat májilislerin shaqıradı, olarǵa basshılıq etedi;

2) Senat dodalawına kirgiziletuǵın máselelerdi tayarlawǵa ulıwma basshılıq etedi;

3) Senat komitetleri hám komissiyalarınıń jumısın muwapıqlastırıp baradı;

4) Ózbekstan Respublikası nızamlarınıń hám Senat qararlarınıń orınlanıwın qadaǵalawdı shólkemlestiredi;

5) parlamentleraralıq baylanıslardı ámelge asırıw jumıslarına hám de xalıqaralıq parlament shólkemleri

jumısı menen baylanıslı Senat toparlarınıń jumıslarına basshılıq etedi;

6) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası, basqa da mámleketlik uyımlar, sırt el mámleketleri, xalıqaralıq hám basqa shólkemler menen óz ara qatnasıqlarda Senat atınan jumıs alıp baradı;

7) Senat qararlarına qol qoyadı;

8) usı Konstituciya hám nızamshılıq aktlerinde názerde tutılǵan basqa da wákilliklerdi ámelge asıradı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatınıń Baslıǵı biylikler shıǵaradı.

**102-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası nızam joybarların tayarlaw jumısın alıp barıw, Nızamshılıq palatasınıń dodalawına kirgiziletuǵın máselelerdi aldın ala qarap shıǵıw hám tayarlaw, Ózbekstan Respublikası nızamları hám de Nızamshılıq palatası tárepinen qabıl etiletuǵın qararlardıń orınlanıwın qadaǵalaw ushın óz wákillikleri múddetine Nızamshılıq palatası deputatları arasınan komitetlerdi saylaydı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı Senat dodalawına kirgiziletuǵın máselelerdi aldın ala qarap shıǵıw hám tayarlaw, Ózbekstan Respublikası nızamları hám de Senat tárepinen qabıl etiletuǵın qararlardıń orınlanıwın qadaǵalaw ushın óz wákillikleri múddetine senatorlar arasınan komitetlerdi saylaydı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senatı, zárúrlik bolǵan jaǵdayda, belgili wazıypalardı orınlaw ushın deputatlar, senatorlar arasınan komissiyalar dúzedi.

**103-statya.**

Mámlekettiń qáwipsizligi, turaqlı rawajlanıwı tiykarlarına keri tásir kórsetiwi múmkin bolǵan, insan huqıq hám erkinliklerine, jámiyet hám mámleket máplerine qáwip tuwdıratuǵın faktler hám waqıyalardı úyreniw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatası hám Senatınıń qospa qararı menen parlament tekseriwi ótkeriliwi múmkin.

Parlament tekseriwin ótkeriw ushın Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatları hám Senatı aǵzaları arasınan teńlik tiykarında arnawlı komissiya dúzilip, ol óz jumısın nızamǵa muwapıq ámelge asıradı.

**104-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatlarına hám Senat aǵzalarına olardıń deputatlıq yamasa senatorlıq jumısı menen baylanıslı qárejetler belgilengen tártipte qaplanadı.

Nızamshılıq palatasınıń deputatları hám de Senatta turaqlı tiykarda islewshi Senat aǵzaları óz wákillikleri dáwirinde ilimiy, dóretiwshilik hám pedagogikalıq jumıstan tısqarı haqı tólenetuǵın basqa túrdegi jumıs penen shuǵıllanıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatı hám Senatı aǵzası qol qatılmaslıq huqıqınan paydalanadı. Olar Nızamshılıq palatasınıń yamasa Senattıń kelisimisiz jınayıy juwapkershilikke tartılıwı, irkiwge, qamaqqa alınıwı yamasa sud tártibinde beriletuǵın hákimshilik jaza sharalarına tartılıwı múmkin emes.

## XIX bap. Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti

**105-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti mámleket basshısı bolıp esaplanadı hám mámleketlik hákimiyat uyımlarınıń kelisilgen halda jumıs alıp barıwın hám de birge islesiwin támiyinleydi.

**106-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti lawazımına otız bes jastan kishi bolmaǵan, mámleketlik tildi erkin biletuǵın, tikkeley saylawǵa shekem keminde 10 jıl Ózbekstan aymaǵında turaqlı jasap atırǵan Ózbekstan Respublikası puqarası saylanıwı múmkin. Qatarına eki múddetten artıq bir shaxs Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti bolıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları tárepinen ulıwma, teń hám tikkeley saylaw huqıqı tiykarında jasırın dawıs beriw jolı menen jeti jıl múddetke saylanadı. Ózbekstan Respublikasınıń Prezidentin saylaw tártibi nızam menen belgilenedi.

**107-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti óz wazıypasın atqarıp turǵan dáwirde basqa haqı tólenetuǵın lawazımdı iyelewi, wákillik uyımınıń deputatı bolıwı, isbilermenlik jumısı menen shuǵıllanıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń shaxsına qol qatılmaydı hám nızam menen qorǵaladı.

**108-statya.**

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń májilisinde tómendegi anttı qabıl etken waqıttan baslap óz lawazımına kirisken bolıp esaplanadı:

«Ózbekstan xalqına sadıq xızmet etiwge, respublikanıń Konstituciyası hám nızamlarına qatań ámel etiwge, puqaralardıń huqıq hám erkinliklerine kepillik beriwge, Ózbekstan Respublikasınıń Prezidentine júklengen wazıypalardı haq niyet penen orınlawǵa saltanatlı túrde ant etemen».

**109-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti:

1) puqaralardıń huqıq hám erkinliklerine, Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası hám nızamlarına ámel etiliwiniń, Ózbekstan Respublikası suvereniteti, qáwipsizligi hám aymaqlıq pútinliginiń kepili bolıp tabıladı, milliy mámleket dúzilisi máselelerine baylanıslı ámelge asırıw boyınsha zárúr ilajlar kóredi;

2) mámleket ishinde hám xalıqaralıq qatnasıqlarda Ózbekstan Respublikası atınan jumıs alıp baradı;

3) sóylesiwler alıp baradı hám de Ózbekstan Respublikasınıń shártnama hám kelisimlerine qol qoyadı, respublika tárepinen dúzilgen shártnamalarǵa, kelisimlerge hám onıń qabıl etilgen minnetlemelerine ámel etiliwin támiyinleydi;

4) óziniń janında akkreditaciyadan ótken diplomatiyalıq hám basqa da wákillerdiń isenim hám shaqırıp alıw jarlıqların qabıl etedi;

5) Ózbekstan Respublikasınıń sırt el mámleketlerindegi hám xalıqaralıq shólkemler janındaǵı diplomatiyalıq hám de basqa wákilxanalarınıń baslıqların

tayınlaw ushın talabanlardı Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatına usınadı;

6) Ózbekstan Respublikası xalqına hám de Oliy Majlisine mámlekettiń ishki hám sırtqı siyasatın ámelge asırıwdıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha múrájat etiw huqıqına iye;

7) ministrliklerdi hám basqa respublikalıq atqarıwshı hákimiyat uyımların dúzedi hám saplastıradı, usı máselelerge baylanıslı pármanlardı keyin ala Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı tastıyıqlawına kirgizedi;

8) Senat Baslığı lawazımına saylaw ushın talabandı Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatına usınadı;

9) Ózbekstan Respublikası Bas ministrin, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti ağzaların Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası maqullağanınan keyin lawazımğa tayınlaydı hám olardı lawazımınan bosatadı;

10) komitetler, agentlikler hám basqa respublikalıq mámleketlik uyımları baslıqların nızamshılıqqa muwapıq lawazımğa tayınlaydı hám lawazımınan bosatadı;

11) Ózbekstan Respublikası Bas prokurorın, Ózbekstan Respublikası Esap palatası baslığın Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı maqullağannan keyin lawazımğa tayınlaydı hám olardı lawazımınan bosatadı;

12) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı menen másláhátlesiwlerden keyin Ózbekstan Respublikası Mámleketlik qáwipsizlik xızmeti baslığın lawazımğa tayınlaydı hám onı lawazımınan bosatadı;

13) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatına Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı, Ózbekstan Respublikası Joqarğı sudı, Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarı keńesi quramlarına

talabanlardı, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Oraylıq bank basqarıwınıń baslıǵı, respublika korrupciyaǵa qarsı gúresiw uyımınıń baslıǵı hám monopoliyaǵa qarsı uyımınıń baslıǵı lawazımlarına talabanlardı usınadı;

14) Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarı keńesiniń usınısı menen wálayatlar hám Tashkent qalası sudları baslıqların hám baslıq orınbasarların, Ózbekstan Respublikası Áskeriy sudınıń baslıǵın tayınlaydı hám lawazımınan bosatadı;

15) wálayatlar hákimlerin hám Tashkent qalası hákimin tayınlaydı hám lawazımınan bosatadı. Konstituciyanı, nızamlardı buzǵan yamasa hákimniń ar-namısı hám qádirine daq túsiretuǵın is-háreketler islegen rayon hám qala hákimlerin Ózbekstan Respublikası Prezidenti óziniń sheshimi menen lawazımınan bosatıwǵa haqılı;

16) respublika atqarıwshı hákimiyat uyımlarınıń hám hákimlerdiń hújjetlerin toqtatadı, biykarlaydı, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti májilislerinde basshılıq etiwge haqılı;

17) Ózbekstan Respublikasınıń nızamlarına qol qoyadı hám járiyalaydı; nızamǵa óziniń qarsılıqǵın bildiriw menen qayta dodalaw hám dawısqa qoyıw ushın Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine qaytarıwǵa haqılı;

18) Ózbekstan Respublikasına hújim etilgende yamasa agressiyadan óz ara qorǵaw boyınsha dúzilgen shártnama minnetlemelerin orınlaw zárúrligi payda bolǵanda urıs jaǵdayı, ulıwma yamasa bir bólegin mobilizaciyalawdı járiyalaydı hám qabıl etken sheshimdi úsh kún ishinde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarınıń tastıyıqlawına kirgizedi;

19) ayrıqsha jaǵdaylarda (real sırtqı qáwip, ǵalabalıq tártipsizlikler, úlken búlginshilikler, kútilmegen tábiyǵıy

apatshılıqlar, epidemiyalar) puqaralardıń qáwipsizligin támiyinlew maqsetinde, Ózbekstan Respublikasınıń pútkil aymaǵında yamasa onıń ayırım orınlarında ayrıqsha jaǵday engizedi hám qabıl etken sheshimin úsh kún ishinde Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń palataları tastıyıqlawına kirgizedi. Ayrıqsha jaǵday engiziw shártleri hám tártibi nızam menen belgilenedi;

20) Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleriniń Joqarǵı Bas sárkardası esaplanadı, Qurallı Kúshlerdiń joqarı sárkardaların tayınlaydı hám lawazımınan bosatadı, joqarı áskeriy ataqlar beredi;

21) Ózbekstan Respublikasınıń ordenleri, medalları hám jarlıǵı menen sıylıqlaydı, Ózbekstan Respublikasınıń mamanlıq hám húrmetli ataqların beredi;

22) Ózbekstan Respublikasınıń puqaralıǵına hám siyasiy baspana beriwge baylanıslı máselelerdi sheshedi;

23) amnistiya haqqındaǵı aktlerdi qabıl etiw haqqında Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatına usınıs kirgizedi hám Ózbekstan Respublikasınıń sudları tárepinen húkim etilgen shaxslardı ápiw etedi;

24) Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Qáwipsizlik keńesin dúzedi hám oǵan basshılıq etedi, óziniń wákilliklerin ámelge asırıwdı támiyinlew maqsetinde Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyasın, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı másláhát-keńes uyımların hám basqa da uyımlardı qáliplestiredi;

25) usı Konstituciya hám nızamlarda názerde tutılǵan basqa da wákilliklerdi ámelge asıradı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti óz wákilliklerin orınlawdı mámleketlik uyımlarǵa yamasa lawazımlı shaxslarǵa tapsırıwǵa haqılı emes.

**110-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti Konstituciyaǵa hám nızamlarǵa tiykarlanıp hám de olardı orınlaw boyınsha respublikanıń pútkil aymaǵında májbúriy kúshke iye bolǵan pármanlar, qararlar hám biylikler shıǵaradı.

**111-statya.**

Nızamshılıq palatası yamasa Senat quramında olardıń normal islewine qáwip tuwdırıwshı sheshilmeytuǵın kelispewshilikler júz bergende yaki olar bir neshe márte Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına qayshı keletuǵın sheshimler qabıl etken jaǵdayda, sonday-aq, Nızamshılıq palatası menen Senat arasında Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń normal islewine qáwip tuwdıratuǵın sheshilmeytuǵın kelispewshilikler payda bolǵanda Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı menen kelisken halda qabıl etilgen sheshim tiykarında Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası, Senatı tarqatıp jiberiliwi múmkin.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası, Senatı tarqatıp jiberilgen jaǵdayda jańa saylaw úsh ay ishinde ótkeriledi.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senatı ayrıqsha jaǵday ámel etiw dáwirinde tarqatıp jiberiliwi múmkin emes.

**112-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń ámeldegi Prezidenti óziniń wazıypaların orınlay almaytuǵın jaǵdaylarda onıń wazıypa hám wákillikleri waqtınsha Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatı Baslıǵına júkletiledi, bunda úsh ay múddet ishinde nızamǵa tolıq muwapıq halda Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti saylawı ótkeriledi.

**113-statya.**

Wákillik múddeti tamamlanıwı menen otstavkaǵa shıqqan Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti ómirlikke Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Senatı aǵzası lawazımın iyeleydi.

## XX bap. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti

**114-statya.**

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti atqarıwshı hákimiyattı ámelge asıradı. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti Ózbekstan Respublikası Bas ministri, onıń orınbasarları hám ministrlerden ibarat. Qaraqalpaqstan Respublikası húkimetiniń baslıǵı Ministrler Kabineti quramına óziniń lawazımı boyınsha kiredi.

Ministrler Kabineti óz jumısın atqarıwshı hákimiyat jumısınıń Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen belgilenetuǵın tiykarǵı baǵdarları sheńberinde ámelge asıradı.

**115-statya.**

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti:

1) nátiyjeli ekonomikalıq, sociallıq, salıq hám byudjet siyasatınıń ámelge asırılıwı, ilim, mádeniyat, bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw, ekonomikanıń hám sociallıq tarawdıń basqa tarmaqların rawajlandırıwǵa baylanıslı baǵdarlamalardıń islep shıǵılıwı hám de orınlanıwı ushın juwapker boladı;

2) turaqlı ekonomikalıq ósiwdi, makroekonomikalıq turaqlılıqtı támiyinlew, kámbaǵallıqtı qısqartıw, xalıq ushın múnásip turmıs sharayatların jaratıw, azıq-awqat

qáwipsizligin támiyinlew, qolaylı investiciyalıq ortalıqtı jaratıw, aymaqlardı kompleksli hám turaqlı rawajlandırıw boyınsha ilajlar kóredi;

3) xalıqtı, sonıń menen birge mayıplıǵı bolǵan shaxslardı sociallıq qorǵaw sistemasınıń nátiyjeli jumıs alıp barıwın támiyinleydi;

4) qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, tábiyǵıy baylıqlardı hám biologiyalıq hár túrlilikti saqlaw, klimat ózgeriwine, epidemiyalarǵa, pandemiyalarǵa qarsı gúresiw hám de olardıń aqıbetlerin jumsartıw tarawlarında birden-bir mámleketlik siyasattıń ámelge asırılıwın támiyinleydi;

5) jaslarǵa tiyisli mámleketlik siyasattıń ámelge asırılıwın támiyinleydi, shańaraqtı qollap-quwatlaw, bekkemlew hám qorǵaw, dástúriy shańaraqlıq qádiriyatlardı saqlaw boyınsha ilajlar kóredi;

6) puqaralıq jámiyeti institutların qollap-quwatlaw ilajların ámelge asıradı, sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw hám de jámiyetlik sheriklik baǵdarlamaların islep shıǵıw, sonday-aq, ámelge asırıwda olardıń qatnasıwın támiyinleydi;

7) puqaralardıń ekonomikalıq, sociallıq hám basqa huqıqları hám de nızamlı máplerin qorǵaw boyınsha ilajlardı ámelge asıradı;

8) Ózbekstan Respublikası Konstituciyası hám nızamları, Oliy Majlis palataları qararları, Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti pármanları, qararları hám biyliklerinıń orınlanıwın támiyinleydi;

9) atqarıwshı hákimiyat uyımları jumısın muwapıqlastıradı hám baǵdarlaydı, olardıń jumısın nızamda belgilengen tártipte qadaǵalaydı;

10) atqarıwshı hákimiyat uyımlarınıń jumısında ashıq-aydınlıq, nızamlılıq hám nátiyjelilikti támiyinlew,

olardıń jumısında korrupciya kórinislerine qarsı góresiw, mámleketlik xızmetlerdiń sapasın asırıw hám olardan paydalanıw imkaniyatın keńeytiw boyınsha sharalar kóredi;

11) Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasına mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq turmısınıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha hár jılğı bayanatların usınadı;

12) usı Konstituciya hám nızamlarda názerde tutılğan basqa da wákilliklerdi ámelge asıradı.

**116-statya.**

Ministrler Kabineti konstituciyalıq normalar sheńberinde hám nızamshılıqqa muwapıq Ózbekstan Respublikasınıń pútkil aymağındağı barlıq uyımlar, kárxanalar, mákemeler, shólkemler, lawazımlı shaxslar hám puqaralar tárepinen orınlanıwı májbúriy bolğan qararlar hám biylikler shığaradı.

Ministrler Kabineti óz jumısında Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti aldında juwapker boladı.

Ámeldegi Ministrler Kabineti jańadan saylanğan Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi aldında óziniń wákilliklerin toqtatadı, biraq Ministrler Kabinetiniń jańa quramı dúzilgenge shekem Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń qararına muwapıq óz jumısın dawam etip turadı.

**117-statya.**

Ózbekstan Respublikası Bas ministri:

1) Ministrler Kabinetiniń jumısın shólkemlestiredi hám oğan basshılıq etedi, onıń nátiyjeli islewi ushın jeke juwapker boladı;

2) Ministrler Kabinetiniń májilislerine basshılıq etedi, onıń qararlarına qol qoyadı;

3) xalıqaralıq qatnasıqlarda Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti atınan jumıs alıp baradı;

4) Ózbekstan Respublikası nızamlarında názerde tutılǵan basqa da wazıypalardı orınlaydı.

**118-statya.**

Ózbekstan Respublikası Bas ministri kandidaturası Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarınıń lawazımlı shaxsları saylanǵannan hám uyımları dúzilgennen keyin bir ay ishinde yamasa Bas ministr lawazımınan bosatılǵanınan keyin yaki Bas ministr, Ministrler Kabinetiniń ámeldegi quramı otstavkaǵa shıǵarılǵannan keyin bir ay ishinde Nızamshılıq palatası kórip shıǵıwı hám maqullawı ushın Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen barlıq siyasiy partiyalar frakciyaları menen másláhátlesiwler ótkerilgeninen keyin usınıladı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen usınılǵan Ózbekstan Respublikası Bas ministri kandidaturasına usınıs kirgizilgen kúnnen baslap on kún ishinde kórip shıǵadı.

Bas ministr lawazımına talaban Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasında onıń kandidaturası kórip shıǵılıp atırǵanda Ministrler Kabinetiniń jaqın múddetke hám uzaq keleshekke mólsherlengen háreket baǵdarlamasın usınadı.

Bas ministr kandidaturası onıń ushın Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatları ulıwma sanınıń yarımınan kópshiligi

tárepinen onı jaqlap dawıs berilgen jaǵdayda maqullanǵan esaplanadı.

Bas ministr lawazımına usınılǵan kandidatura úsh márte qaytarılǵan jaǵdayda, Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti Bas ministrdi tayınlaydı hám Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasın tarqatıp jiberiwge haqılı.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń aǵzaları olardıń kandidaturaları Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası tárepinen maqullanǵannan keyin Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen lawazımǵa tayınlanadı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Bas ministrdi, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń ámeldegi quramın yamasa aǵzasın otstavkaǵa shıǵarıwǵa haqılı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti aǵzasınıń óz jumısına baylanıslı máseleler boyınsha esabatın tıńlawǵa haqılı. Ministrler Kabineti aǵzasınıń esabatın tıńlaw juwmaqlarına muwapıq Nızamshılıq palatası onı otstavkaǵa shıǵarıw haqqındaǵı usınıstı Ózbekstan Respublikası Prezidentine kórip shıǵıw ushın kirgiziwge haqılı.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti aǵzaları parlament sorawlarına hám Nızamshılıq palatası deputatınıń, Senat aǵzasınıń sorawlarına nızamda belgilengen tártipte juwap beriwi shárt.

Ministrler Kabinetiniń jumısın shólkemlestiriw tártibi hám wákillik sheńberi nızam menen belgilenedi.

**119-statya.**

Ózbekstan Respublikası Bas ministri hám Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası arasında qarama-qarsılıqlar turaqlı tús alǵanda Nızamshılıq palatası

deputatlarınıń ulıwma sanınıń keminde úshten bir bólegi tárepinen Ózbekstan Respublikası Prezidenti atına rásmiy kirgizilgen usınıs boyınsha Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń dodalawına Bas ministrge isenimsizlik votumın bildiriw haqqındağı másele kirgiziledi.

Bas ministrge isenimsizlik votumı, eger Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Nızamshılıq palatasınıń deputatları ulıwma sanınıń keminde úshten eki bólegi dawıs bergende, qabıl etilgen bolıp esaplanadı. Bunday jağdayda Ózbekstan Respublikası Prezidenti Bas ministrdi lawazımınan bosatıw haqqında qarar qabıl etedi. Bunda Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń pútkil quramı Bas ministr menen birge otstavkağa shığadı.

## XXI bap. Jergilikli mámleketlik hákimiyat tiykarları. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları

**120-statya.**

Wálayatlar, rayonlar hám qalalarda (rayonğa boysınatuğın qalalardan tısqarı) xalıq deputatları Keńesleri mámleketlik hákimiyattıń wákillik uyımları bolıp esaplanadı.

Xalıq deputatları Keńesine onıń deputatları arasınan nızamğa muwapıq saylanatuğın baslıq basshılıq etedi.

Wálayat, rayon, qala hákimi lawazımın iyelep turğan shaxs bir waqıttıń ózinde xalıq deputatları Keńesiniń baslığı lawazımın iyelewi múmkin emes.

Xalıq deputatları Keńeslериniń wákillik múddeti – bes jıl. Bir shaxs qatarına eki múddetten artıq áyne

bir wálayat, rayon, qalalıq xalıq deputatları Keńesleriniń baslıǵı etip saylanıwı múmkin emes.

Xalıq deputatları Keńesleri deputatları saylawı hám xalıq deputatları Keńesleriniń jumısların shólkemlestiriw tártibi nızam menen belgilenedi.

Jańadan shólkemlestirilgen hákimshilik-aymaqlıq birliklerde xalıq deputatları Keńeslerine saylaw xalıq deputatları Keńeslerine náwbettegi ulıwma saylawlarǵa shekem qalǵan dáwirden aspaytuǵın múddetke ótkeriledi.

**121-statya.**

Tiyisli aymaqtaǵı atqarıwshı hákimiyatqa wálayat, rayon hám qala hákimi basshılıq etedi.

Hákimlerdiń wákillik múddeti – bes jıl. Bir shaxs qatarına eki múddetten artıq áyne bir wálayat, rayon, qalanıń hákimi etip tayınlanıwı múmkin emes.

Hákimlerdiń jumısların shólkemlestiriw tártibi nızam menen belgilenedi.

**122-statya.**

Xalıq deputatları Keńesleriniń wákillikleri tómendegilerden ibarat:

1) tiyisli jergilikli byudjetlerdi kórip shıǵıw hám qabıl etiw, olardıń orınlanıwı ústinen qadaǵalawdı ámelge asırıw;

2) aymaqlardı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw hám xalıqtı sociallıq qorǵaw baǵdarlamaların tastıyıqlaw;

3) hákimdi lawazımǵa tastıyıqlaw, onıń jumısları haqqındaǵı esabatlardı tıńlaw;

4) usı Konstituciya hám nızamlarda názerde tutılǵan basqa da wákilliklerdi ámelge asırıw.

**123-statya.**

Wálayatlar, rayonlar, qalalar hákimleriniń wákillikleri tómendegilerden ibarat:

1) Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası hám nızamların, Oliy Majlis palatalarınıń qararların, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanları, qararları hám de biyliklerin, Ministrler Kabinetiniń, joqarı turıwshı hákimlerdiń hám tiyisli xalıq deputatları Keńeslериniń sheshimlerin orınlaw;

2) aymaqlardı ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy hám ekologiyalıq rawajlandırıwdı támiyinlewge qaratılǵan ilajlardı ámelge asırıw;

3) jergilikli byudjetti qáliplestiriw hám orınlaw;

4) usı Konstituciyada hám nızamlarda názerde tutılǵan basqa da wákilliklerdi ámelge asırıw.

**124-statya.**

Wálayat hám Tashkent qalası hákimi Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen nızamǵa muwapıq tayınlanadı hám lawazımınan bosatıladı.

Rayon hám qalalardıń hákimleri wálayat, Tashkent qalası hákimi tárepinen tayınlanadı hám lawazımınan bosatıladı hám de tiyisli xalıq deputatları Keńesi tárepinen tastıyıqlanadı.

Rayonǵa boysınatuǵın qalalardıń hákimleri rayon hákimi tárepinen tayınlanadı hám lawazımınan bosatıladı hám de xalıq deputatları Keńesi tárepinen tastıyıqlanadı.

**125-statya.**

Wálayat, rayon hám qala hákimi óz wákilliklerin jeke basshılıq tiykarında ámelge asıradı hám ózi basshılıq etip atırǵan uyımlardıń sheshimleri hám háreketleri ushın jeke juwapker bolıp tabıladı.

Wálayat, rayon hám qala hákimi tiyisli xalıq deputatları Keńesine wálayattı, rayondı, qalanı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdıń eń áhmiyetli máseleleri boyınsha esabatlar usınadı, usı esabatlar boyınsha xalıq deputatları Keńesi tárepinen tiyisli sheshim qabıl etiledi.

**126-statya.**

Xalıq deputatları Keńesi hám hákim óziniń wákillikleri sheńberinde tiyisli aymaqtağı barlıq shólkemler, sonday-aq, lawazımlı shaxslar hám puqaralar tárepinen orınlanıwı májbúriy bolğan sheshim qabıl etedi.

**127-statya.**

Posyolkalar hám awıllarda, sonday-aq, qalalar, posyolkalar hám awıllardağı máhállelerde puqaralar jıyınları ózin-ózi basqarıw uyımları bolıp, olar baslıqtı saylaydı.

Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları mámleketlik hákimiyat uyımları sistemasına kirmeydi hám jergilikli áhmiyetke iye máselelerdi puqaralardıń máplerinen, rawajlanıwdıń tariyxıy ózine tán ózgesheliklerinen, sonday-aq, milliy qádiriyatlardan, jergilikli úrp-ádetler hám dástúrlerden kelip shıqqan halda, nızamğa muwapıq ğárezsiz ráwishte sheshiwge haqılı.

Mámleket puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları jumısların ámelge asırıw ushın zárúr sharayatlar jaratadı, olarğa nızamda belgilengen wákilliklerin ámelge asırıwda kómeklesedi.

Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları saylawı tártibi, olardıń jumısların shólkemlestiriw hám wákillikleri nızam menen belgilenedi.

## XXII bap. Saylaw sisteması

**128-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń puqaraları mámleketlik hákimiyat wákillik uyımlarına saylaw hám saylanıw huqıqına iye bolıp tabıladı. Hárbir saylawshı bir dawısqa iye. Dawıs beriw huqıqı, óz erk-ıqrarın bildiriw teńligi hám erkinligi nızam menen kepillenedi.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawı, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatasına hám Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesine, wálayatlar, rayonlar, qalalar mámleketlik hákimiyattıń wákillik uyımlarına saylaw tiyislisinshe olardıń konstituciyalıq wákilligi múddeti tamamlanatuǵın jılda – oktyabr ayı úshinshi on kúnliginiń birinshi ekshembisinde ótkeriledi, usı Konstituciyada názerde tutılǵan múddetlerden aldın saylaw ótkeriw jaǵdayları bunnan tısqarı. Saylawlar ulıwma, teń hám tikkeley saylaw huqıqı tiykarında jasırın dawıs beriw jolı menen ótkeriledi. Ózbekstan Respublikasınıń on segiz jasqa tolǵan puqaraları saylaw huqıqına iye.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti múddetinen aldın Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawın belgilewge haqılı.

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı aǵzaları Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi, wálayatlar, rayonlar hám qalalar mámleketlik hákimiyattıń wákillikli uyımları deputatlarınıń tiyisli qospa májilislerinde usı deputatlar saylanǵannan keyin bir ay ishinde olar arasınan jasırın dawıs beriw jolı menen saylanadı.

Sud tárepinen mámilege uqıpsız dep tabılǵan puqaralar, sonday-aq, sud húkimi menen erkinen ayırıw

orınlarında saqlanıp atırǵan shaxslar saylanıwı múmkin emes.

Sud tárepinen mámilege uqıpsız dep tabılǵan puqaralar, sonday-aq, awır hám júdá awır jınayatlar islegenligi ushın sudtıń húkimi menen erkinen ayırıw orınlarında saqlanıp atırǵan shaxslar saylawda qatnasıw huqıqınan tek ǵana nızamǵa muwapıq hám de sudtıń sheshimi tiykarında ayrılıwı múmkin. Basqa hár qanday jaǵdaylarda puqaralardıń saylaw huqıqların tikkeley yamasa janapay sheklewge jol qoyılmaydı.

Ózbekstan Respublikası puqarası bir waqıttıń ózinde ekewden artıq mámleketlik hákimiyat wákillik uyımınıń deputatı bolıwı múmkin emes.

Saylaw ótkeriw tártibi nızam menen belgilenedi.

**129-statya.**

Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawın, Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisine, wálayatlar, rayonlar, qalalar mámleketlik hákimiyat wákillik uyımlarına saylawlardı, sonday-aq, Ózbekstan Respublikasınıń referendumın shólkemlestiriw hám ótkeriw ushın Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi tárepinen jumısınıń tiykarǵı principleri ǵárezsizlik, nızamlılıq, kollegiallıq, ashıqlıq hám ádillikten ibarat bolǵan Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyası dúziledi.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyası saylaw komissiyaları sistemasına basshılıq etedi, óz jumısın turaqlı túrde ámelge asıradı hám de óziniń jumısında Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına hám nızamlarına ámel etedi.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyasınıń aǵzaları Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı

Keńesiniń, xalıq deputatları wálayatlar hám Tashkent qalası Keńesleriniń usınısı boyınsha Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası hám Senatı tárepinen saylanadı.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyasınıń baslığı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen komissiya ağzaları arasınan bes jıllıq múddetke komissiya májilisinde saylanadı. Bir shaxs qatarına eki múddetten artıq Ózbekstan Respublikası Oraylıq saylaw komissiyasınıń baslığı etip saylanıwı múmkin emes.

## XXIII bap. Sud hákimiyatı

### 130-statya.

Ózbekstan Respublikasında ádil sudlaw tek ǵana sud tárepinen ámelge asırıladı.

Ózbekstan Respublikasında sud hákimiyatı nızam shıǵarıwshı hám atqarıwshı hákimiyattan, siyasiy partiyalardan, puqaralıq jámiyetiniń basqa institutlarınan ǵárezsiz halda jumıs alıp baradı.

### 131-statya.

Ózbekstan Respublikasında sud sisteması hám sudlar jumısınıń tártibi nızam menen belgilenedi.

Ayrıqsha sudlar dúziwge jol qoyılmaydı.

### 132-statya.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı nızam shıǵarıwshı hám atqarıwshı hákimiyat aktleriniń Konstituciyaǵa muwapıqlıǵı haqqındaǵı islerdi kóredi.

Konstituciyalıq sud Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen Ózbekstan Respublikası

Oliy Majlisiniń Senatı tárepinen Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarı keńesi usınıs etken siyasat hám huqıq tarawındağı qánigeler arasınan, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń wákilin qosqan halda saylanadı.

Konstituciyalıq sudtıń sudyaları qayta saylanıwı huqıqısız on jıllıq múddetke saylanadı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı óziniń quramınan Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudınıń baslığın hám onıń orınbasarın bes jıllıq múddetke saylaydı.

**133-statya.**

Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudı:

1) Ózbekstan Respublikası nızamlarınıń hám Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palataları qararlarınıń, Ózbekstan Respublikası Prezidenti pármanları, qararları hám biylikleriniń, húkimet qararları, jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları sheshimleriniń, Ózbekstan Respublikası mámleketleraralıq shártnamalıq hám basqa minnetlemeleriniń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıqlığın anıqlaydı;

2) Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti tárepinen qol qoyılğanğa shekem – Ózbekstan Respublikası konstituciyalıq nızamlarınıń, ratifikaciyalaw haqqındağı Ózbekstan Respublikası nızamları Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti tárepinen qol qoyılğanğa shekem – Ózbekstan Respublikası xalıqaralıq shártnamalardıń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıqlığın anıqlaydı;

3) referendumğa shığarılıp atırğan máselelerdiń Ózbekstan Respublikası Konstituciyasına muwapıqlığı haqqında juwmaq beredi;

4) Qaraqalpaqstan Respublikası Konstituciyasınıń Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına, Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarınıń Ózbekstan Respublikasınıń nızamlarına muwapıqlıǵı haqqında juwmaq beredi;

5) Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası hám nızamları normalarına túsinik beredi;

6) Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudınıń belgili iste qollanılıwı lazım bolǵan normativlik-huqıqıy aktlerdiń Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına muwapıqlıǵı haqqında sudlar baslaması menen kirgizilgen múrájatın kórip shıǵadı;

7) konstituciyalıq sudlaw islerin júritiw ámeliyatın ulıwmalastırıw nátiyjeleri boyınsha hár jılı Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarına hám Ózbekstan Respublikası Prezidentine mámlekettegi konstituciyalıq nızamlılıqtıń jaǵdayı haqqında málimleme usınadı;

8) Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası hám nızamları menen berilgen wákilligi sheńberinde basqa islerdi kórip shıǵadı.

Puqaralar hám yuridikalıq shaxslar, eger sud arqalı qorǵawdıń basqa barlıq usıllarınan paydalanıp bolınǵan bolsa, sudta kórip shıǵılıwı tamamlanǵan belgili iste sud tárepinen ózine qarata qollanılǵan nızamnıń Konstituciyaǵa muwapıqlıǵı haqqındaǵı shaǵım menen Ózbekstan Respublikası Konstituciyalıq sudına múrájat etiwge haqılı.

Konstituciyalıq sudtıń sheshimi rásmiy já③riyalanǵan kúnnen baslap kúshke kiredi.

Konstituciyalıq sudtıń sheshimi qatań hám onıń ústinen shaǵım etiliwi múmkin emes.

Konstituciyalıq sudtı shólkemlestiriw hám onıń jumıs tártibi nızam menen belgilenedi.

**134-statya.**

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı puqaralıq, jınayat, ekonomikalıq hám hákimshilik sud islerin júrgiziw tarawında sud hákimiyatınıń joqarı uyımı bolıp esaplanadı.

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı tárepinen qabıl etilgen aktleri aqırǵı sheshim bolıp esaplanadı hám Ózbekstan Respublikasınıń pútkil aymaǵında orınlanıwı májbúriy bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudı tómengi sudlardıń sudlaw jumısları ústinen qadaǵalaw alıp barıw huqıqına iye.

Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudınıń baslıǵı hám onıń orınbasarları Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı tárepinen bes jıllıq múddetke saylanadı. Bir shaxs qatarına eki múddetten artıq Ózbekstan Respublikası Joqarǵı sudınıń baslıǵı, baslıq orınbasarı etip saylanıwı múmkin emes.

**135-statya.**

Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarı keńesi sudyalar jámiyetshiliginiń ǵárezsiz uyımı bolıp, ol sudyalar korpusınıń qáliplestiriliwin, sud hákimiyatı ǵárezsizliginiń konstituciyalıq principine ámel etiliwin támiyinleydi.

Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarı keńesi baslıǵı hám onıń orınbasarı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń usınısı menen Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Senatı tárepinen bes jıllıq múddetke saylanadı. Bir shaxs qatarına eki múddetten artıq Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarı keńesiniń baslıǵı, baslıq orınbasarı etip saylanıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikası Sudyalar joqarı keńesin shólkemlestiriw hám onıń jumıs tártibi nızam menen belgilenedi.

**136-statya.**

Sudyalar biyǵárez bolıp, tek Konstituciya hám nızamǵa boysınadı. Sudyalardıń ádil sudlawdı ámelge asırıw baǵdarındaǵı jumısına qanday da bir tárizde aralasıwǵa jol qoyılmaydı hám bunday aralasıw nızamǵa muwapıq juwapkershilikke sebep boladı. Sudyalar belgili isler boyınsha esap beriwshi bolmaydı.

Sudyalarǵa qol qatılmaydı.

Mámleket sudyanıń hám onıń shańaraq aǵzalarınıń qáwipsizligin támiyinleydi.

Sudyanı belgili istiń dodalawınan shetletiwge, onıń wákilliklerin biykar etiwge yamasa toqtatıp turıwǵa, basqa lawazımǵa ótkeriwge tek ǵana nızamda belgilengen tártipte hám tiykarlarǵa kóre jol qoyıladı. Sudtıń qayta shólkemlestiriliwi yamasa saplastırılıwı sudyanı lawazımınan bosatıw ushın tiykar bolıp xızmet etiwi múmkin emes.

Sudyalar senator, mámleketlik hákimiyattıń wákillik uyımların deputatı bolıwı múmkin emes.

Sudyalar siyasiy partiyalardıń aǵzası bolıwı, siyasiy háreketlerde qatnasıwı, sonday-aq, ilimiy, dóretiwshilik hám pedagogikalıq jumıstan tısqarı haqı tólenetuǵın basqa jumıs túrleri menen shuǵıllanıwı múmkin emes.

**137-statya.**

Barlıq sudlarda isler ashıq kóriledi. Islerdi jabıq májiliste tıńlawǵa nızamda belgilengen jaǵdaylarda ǵana jol qoyıladı.

**138-statya.**

Sud hákimiyatınıń aktleri barlıq mámleketlik uyımlar hám basqa shólkemler, lawazımlı shaxslar hám de puqaralar ushın minnetli esaplanadı.

**139-statya.**

Ózbekstan Respublikasında sud islerin júrgiziw ózbek tilinde, qaraqalpaq tilinde yamasa tiyisli orındaǵı kópshilik xalıq sóylesetuǵın tilde yaki nızamǵa muwapıq basqa tilde alıp barıladı. Sud isleri alıp barılıp atırǵan tildi bilmeytuǵın sudta qatnasıwshı shaxslardıń dilmash arqalı is materialları menen tolıq tanısıw hám sud islerinde qatnasıw huqıqı hám de sudta ana tilinde sóylew huqıqı támiyinlenedi.

**140-statya.**

Sudlardıń jumısın qarjılandırıw tek ǵana Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjetinen ámelge asırıladı hám ol ádil sudlawdı tolıq hám de biyǵárez ámelge asırıw imkaniyatın támiyinlewi kerek.

## XXIV bap. Advokatura

**141-statya.**

Fizikalıq hám yuridikalıq shaxslarǵa qánigeli yuridikalıq járdem kórsetiw ushın advokatura jumıs alıp baradı.

Advokatura jumısı nızamlılıq, ǵárezsizlik hám ózin-ózi basqarıw principlerine tiykarlanadı.

Advokaturanı shólkemlestiriw hám onıń jumıs tártibi nızam menen belgilenedi.

**142-statya.**

Advokat óz kásiplik wazıypaların ámelge asırıp atırǵanda onıń jumısına aralasıwǵa jol qoyılmaydı.

Advokatqa óziniń qorǵawındaǵı shaxs penen tosqınlıqlarsız hám qupıya ushırasıw, másláhátler beriw ushın sharayatlar támiyinlenedi.

Advokat, onıń ar-namısı, qádiri hám kásiplik iskerligi mámleket qorǵawında boladı hám nızam menen qorǵaladı.

## XXV bap. Prokuratura

**143-statya.**

Ózbekstan Respublikası aymaǵında nızamlardıń anıq hám birdey orınlanıwı ústinen baqlawdı Ózbekstan Respublikasınıń Bas prokurorı hám oǵan boysınıwshı prokurorlar ámelge asıradı.

**144-statya.**

Prokuratura uyımlarınıń birden-bir oraylastırılǵan sistemasına Ózbekstan Respublikasınıń Bas prokurorı basshılıq etedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń prokurorı Ózbekstan Respublikasınıń Bas prokurorı menen kelisilgen halda Qaraqalpaqstan Respublikasınıń joqarı wákillikli uyımı tárepinen tayınlanadı.

Wálayatlardıń prokurorları, rayon hám qala prokurorları Ózbekstan Respublikasınıń Bas prokurorı tárepinen tayınlanadı.

Ózbekstan Respublikası Bas prokurorınıń, Qaraqalpaqstan Respublikası prokurorınıń, wálayat, rayon hám qala prokurorlarınıń wákillik múddeti – bes jıl.

Bir shaxs qatarına eki múddetten artıq Ózbekstan Respublikasınıń Bas prokurorı lawazımın iyelewi múmkin emes.

**145-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń prokuratura uyımları óz wákilliklerin basqa mámleketlik uyımlardan, basqa shólkemlerden, lawazımlı shaxslardan biyǵárez túrde, tek Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına hám nızamlarına boysınıp ámelge asıradı.

Prokurorlar óz wákillikleri dáwirinde siyasiy partiyalarǵa hám siyasiy maqsetlerdi gózleytuǵın basqa jámiyetlik birlespelerge aǵzalıqtı toqtatıp turadı.

Prokuratura uyımların shólkemlestiriw, olardıń wákillikleri hám jumıs alıp barıw tártibi nızam menen belgilenedi.

**146-statya.**

Ózbekstan Respublikası aymaǵında jınayatshılıqqa qarsı gúresiw boyınsha operativ-izlew, tergew hám basqa da arnawlı wazıypalardı óz betinshe orınlaytuǵın jeke shólkemlerdi, jámiyetlik birlespelerdi hám olardıń bólimshelerin dúziw hám de olardıń jumıs islewi qadaǵan etiledi.

Nızamlılıq hám huqıq tártibin, puqaralardıń huqıq hám erkinliklerin qorǵawda huqıq qorǵaw uyımlarına jámiyetlik shólkemler hám puqaralar járdem kórsetiwi múmkin.

## XXVI bap. Finans, pul hám bank sisteması

**147-statya.**

Ózbekstan Respublikası óziniń birden-bir finans, pul hám bank sistemasına iye.

**148-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjeti respublika byudjetinen, Qaraqalpaqstan Respublikası byudjetinen hám jergilikli byudjetlerden ibarat bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjetin qáliplestiriw hám de orınlaw tártip-qaǵıydaları ashıq-aydınlıq principleri tiykarında ámelge asırıladı.

Puqaralar hám puqaralıq jámiyeti institutları Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjetiniń qáliplestiriliwi hám de orınlanıwı ústinen jámiyetlik qadaǵalawdı ámelge asıradı.

Puqaralardıń hám de puqaralıq jámiyeti institutlarınıń byudjet procesinde qatnasıw tártibi hám túrleri nızam menen belgilenedi.

**149-statya.**

Ózbekstan Respublikası aymaǵında birden-bir salıq sisteması háreket etedi. Salıqlardı engiziw huqıqı Ózbekstan Respublikasınıń Oliy Majlisine tiyisli bolıp tabıladı.

**150-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń pul birligi som esaplanadı.

Som Ózbekstan Respublikasınıń pútkil aymaǵında birden-bir sheklenbegen nızamlı tólew quralı bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki Ózbekstan Respublikasınıń aymaǵında nızamlı tólew quralları sıpatında pul birliklerin aylanısqa kirgiziwde hám olardı aylanıstan shıǵarıwda ayrıqsha huqıqqa iye bolıp tabıladı.

**151-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń bank sisteması Ózbekstan Respublikası Oraylıq bankinen hám banklerden ibarat.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki pul-kredit hám valyuta siyasatın islep shıǵadı hám de ámelge asıradı.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki mámlekette bankler xızmetin tártipke salıwdı ámelge asıradı, bank hám tólew sistemalarınıń turaqlı jumıs islewin támiyinleydi.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki óz wazıypaların orınlawda biyǵárez bolıp tabıladı.

Ózbekstan Respublikası Oraylıq bankiniń xızmetin shólkemlestiriw tártibi nızam menen belgilenedi.

## XXVII bap. Qorǵanıw hám qáwipsizlik

**152-statya.**

Ózbekstan Respublikası Quralllı Kúshleri Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik suverenitetin hám aymaqlıq pútinligin, xalıqtıń tınısh turmısı hám qáwipsizligin qorǵaw ushın dúziledi.

Quralllı Kúshlerdiń dúzilisi hám olardı shólkemlestiriw nızam menen belgilenedi.

**153-statya.**

Ózbekstan Respublikası óz qáwipsizligin támiyinlew ushın jeterli dárejede Quralllı Kúshlerine iye.

## ALTÍNSHÍ BÓLIM.
## KONSTITUCIYAĠA ÓZGERIS KIRGIZIW TÁRTIBI

**154-statya.**

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına ózgeris hám qosımshalar tiyislisinshe Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisiniń Nızamshılıq palatası deputatları hám Senat aġzaları ulıwma sanınıń keminde úshten eki bóleginen ibarat kópshiligi tárepinen qabıl etilgen konstituciyalıq nızam yamasa Ózbekstan Respublikasınıń referendumı menen kirgiziledi.

Usı Konstituciyanıń 1-statyası hám usı statya ekinshi bóliminiń qaġıydaları qayta kórip shıġılıwı múmkin emes.

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasına ózgeris hám qosımshalar kirgiziw haqqındaġı konstituciyalıq nızamda onıń normaların, sonday-aq, Konstituciyanıń normaların qollanıwdıń ózine tán ózgeshelikleri názerde tutılıwı múmkin.

**155-statya.**

Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi tiyisli usınıs kirgizilgennen keyin altı ay dawamında Konstituciyaġa ózgeris hám qosımshalar kirgiziw haqqında keń hám hár tárepleme dodalawdı esapqa alıp konstituciyalıq nızam qabıl etiwi múmkin. Eger Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi Konstituciyanı ózgertiw haqqındaġı usınıstı qaytarsa, usınıs bir jıl ótkennen keyin ġana qayta kirgiziliwi múmkin.

*(Nızamshılıq maġlıwmatları milliy bazası. 01.05. 2023-j. 03/23/837/0241-san)*

## MAZMUNÍ

ALǴÍ SÓZ ........ 3

### BIRINSHI BÓLIM.
### TIYKARǴÍ PRINCIPLER

I bap. Mámleketlik suverenitet ........ 4
II bap. Xalıq hákimiyatı ........ 5
III bap. Konstituciya hám nızamnıń ústinligi ........ 7
IV bap. Sırtqı siyasat ........ 8

### EKINSHI BÓLIM.
### INSAN HÁM PUQARANÍŃ TIYKARǴÍ HUQÍQLARÍ, ERKINLIKLERI HÁM MINNETLERI

V bap. Ulıwma qaǵıydalar ........ 9
VI bap. Puqaralıq ........ 11
VII bap. Jeke huqıq hám erkinlikler ........ 12
VIII bap. Siyasiy huqıqlar ........ 16
IX bap. Ekonomikalıq, sociallıq, mádeniy hám ekologiyalıq huqıqlar ........ 18
X bap. Insan hám de puqaranıń huqıq hám erkinlikleri kepillikleri ........ 22
XI bap. Puqaralardıń minnetleri ........ 24

### ÚSHINSHI BÓLIM.
### JÁMIYET HÁM SHAXS

XII bap. Jámiyettiń ekonomikalıq tiykarları ........ 26
XIII bap. Puqaralıq jámiyeti institutları ........ 27
XIV bap. Shańaraq, balalar hám jaslar ........ 29
XV bap. Ǵalaba xabar quralları ........ 31

## TÓRTINSHI BÓLIM.
## HÁKIMSHILIK-AYMAQLÍQ HÁM MÁMLEKETLIK DÚZILISI

XVI bap. Ózbekstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi ........ 32
XVII bap. Qaraqalpaqstan Respublikası ........ 32

## BESINSHI BÓLIM.
## MÁMLEKETLIK HÁKIMIYATTÍ SHÓLKEMLESTIRIW

XVIII bap. Ózbekstan Respublikası Oliy Majlisi ........ 34
XIX bap. Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti ........ 50
XX bap. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti ........ 56
XXI bap. Jergilikli mámleketlik hákimiyat tiykarları. Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları ........ 61
XXII bap. Saylaw sisteması ........ 65
XXIII bap. Sud hákimiyatı ........ 67
XXIV bap. Advokatura ........ 72
XXV bap. Prokuratura ........ 73
XXVI bap. Finans, pul hám bank sisteması ........ 75
XXVII bap. Qorǵanıw hám qáwipsizlik ........ 76

## ALTÍNSHÍ BÓLIM.
**KONSTITUCIYAǴA ÓZGERIS KIRGIZIW TÁRTIBI ...77**

# ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ KONSTITUCIYASÍ

***Rásmiy basılım***


**Basılım ushın juwapker:**

***R.T. Saparbaev***

**Qaraqalpaq tiline awdarma ushın juwapkerler:**

**Z. Reymova, A.Atajanov**

**Qaraqalpaq tiline awdarǵanlar:**

**Z. Reymova**

**G. Pirnazarova**

**Q. Utemuratov**

**G. Mámbetnazarov**

Redaktor *Bazargúl Zivarova*
Kórkem redaktor *Shuhrat Mirfayozov*
Dizayner *Babur Tuxtarov*
Texnik redaktor *Elena Tolochko*
Kishi redaktor *Zilola Mahkamova*
Korrektor *Dildora Abduraimova*
Operator *Nawbáhár Yakubova*

Original maket «O'zbekiston» hám
«Qaraqalpaqstan» baspaları menen birgelikte tayarlandı
7.06.2023-jılı basıwǵa ruqsat etildi.
Formatı 60x90 $^{1}/_{16}$. Ofset qaǵazı
«Times New Roman» garniturasında ofset usılında basıldı.
Shártli baspa tabaǵı 5,0. Esap baspa tabaǵı 3,5.
Tirajı 9000 nusqada. Buyırtpa 1748.Shártnama № 68-1/23.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti administraciyası
janındaǵı Xabar hám ǵalaba kommunikaciyalar agentliginiń
«O'zbekiston» baspası.
telefon: (71) 244-34-38. faks: (71) 244-24-91.

«KolorPak» JSHJ baspaxanasında basıldı.
100206, Tashkent, Yangishahar kóshesi 1-A

"O'ZBEKISTON"